



LILIN LAN LINTANG

kumpulan cerita cendhek basa Using



WAHYU RIZKI

LILIN LAN LINTANG

kumpulan cerita cendhek basa Using



WAHYU RIZKI


LILIN LAN LINTANG

kumpulan cerita cendhek basa Using

Penulis : Wahyu Rizki
Penyunting : Wahyu Rizki, Yusup Khoiri
Desain Sampul dan Layout : Yusup Khoiri
ISBN : dalam proses

Diterbitkan pertama kali oleh:

Dinas Perpustakaan dan Kearsipan Kabupaten Banyuwangi
Jl. Jaksa Agung Suprapto No. 43 Penganjuran, Kecamatan
Banyuwangi, Kabupaten Banyuwangi, Jawa Timur 68416



KATA PENGANTAR

Puji syukur ke hadirat Tuhan Yang Maha Esa, atas rahmat dan karunia-Nya, sehingga buku yang berjudul *Lintang Ian Lilin : kumpulan cerita cendhek basa Using* karya Wahyu Rizki ini dapat diterbitkan dengan baik.

Buku ini merupakan sumbangan berharga bagi kekayaan sastra dan budaya Using, yang menjadi identitas khas masyarakat Banyuwangi. Cerita-cerita pendek yang terkandung dalam buku ini tidak hanya menghibur, tetapi juga menjadi media yang efektif dalam melestarikan dan memperkenalkan bahasa Using kepada generasi muda, serta masyarakat luas.

Sebagai Kepala Dinas Perpustakaan dan Kearsipan Kabupaten Banyuwangi, saya merasa bangga dan memberikan apresiasi yang tinggi kepada penulis dan semua pihak yang terlibat dalam penerbitan buku ini. Semoga karya ini menjadi inspirasi bagi penulis-penulis lain untuk terus berkarya dan memperkaya khasanah budaya Using yang kita cintai bersama.

Akhir kata, saya berharap buku ini dapat memberikan manfaat, memperluas wawasan pembaca, serta menumbuhkan kecintaan terhadap bahasa dan budaya Using di Banyuwangi dan sekitarnya.

Selamat membaca!

Kepala Dinas Perpustakaan dan Kearsipan
Kabupaten Banyuwangi

Drs. ZEN KOSTOLANI, M.Si

ATER-ATER KANGGO LILIN LAN LINTANG

Kelawan ati mongkog lan girang, Isun nampa buku kumpulan cerita cendhek basa Using: Lilin lan Lintang karyane Wahyu Rizki (aran setuhune Wahyu Rizki Kurnaini). Iya ne iki gedhi kekarepane kanggo nguri-uri basa Using.

Wahyu, hang dadi guru SD, mula kreatip masiya uripe ring desa. Ring antarane wektu ngurusi murid-muride ring sekolah lan basa Using, iyane magih gelem nulis cerita hang idhene teka uwong-uwong sak ubengane. Donya hang ana ring ngarep matane. Iyane girang weruh ana belambangan.com hang gelem nampa lan nerbitaken cerita cendhek nganggo basa Using. Taping hing mandheg semono. Ana Lomba-lomba nggawe cerita anak teka Balai Bahasa Jawa Timur ya dipiloni.

Wahyu iki wong hang meneng, hing gelem berak-berak gok iyane wis milu njejegaken basa Using tulis, hang penting dadi tandha jenggirate basa Using. Hang diduduhaken karyane kaya Lilin lan Lintang iki.

Ring derese arus globalisasi hang ngantem budaya lokal kelebu basa dhaerah, anane buku Kumpulan Cerita Cendhek iki nduduhaken sugihé budaya lokal hang bisa dititeni minangka bagian identitas bangsa. Saben-saben ceritane nggawa kisah hang apik, lucu kadhang ngenes, naming uga nduduhaken nilai lan tradhisi wong-wong Banyuwangi.

Penulis iki nganggit tulisan-tulisane ambi ati, ngeronce ucap hang bisa nggawa wong hang maca ngeleboni donya teradhisi hang bisa bain durung tau dirasakaken.

Isun percaya kelawan anane buku iki, wong hang maca bisa milu ngerasakaken gok nguri-uri basa dhaerah iku penting lan perlu diregani.

Pethiken belungking hang rasane nanis
Jaganen basa Using kelawan nulis

Antariksawan Jusuf

ATER-ATER PENGANGGIT

Ngucap sukur alhamdulillah sing kerasa anane cerita cendhek basa Using kang ketulis ring taun 2024 dikelumpukaken bisa dadi sak buku.

Cerita-cerita kang ana ring buku iki bisa gawe gemuyu, ngenes, uga ngajak semangat urip kerana rasa welas asih bisa nguthungaken kukuhe gudha.

Kesuwun kang gedhe kanggo Kang Antariksawan Jusuf hang nguweni dalan uga mbecikaken tulisan nganggo cara basa Using dhewek kerana magih akeh salah lan lupute isun dhung nulis ucapan-ucapan Using.

Muga-muga kerenteg nulis iki sing mandeg mung semene. Naming bisa terus jejeg kanggo nguri-uri basa Using.

Belarak sempal gemantung ring uwite

Kelapa kiring semendhe dhuwure mancung

Ngawiti nulis muga sing mandheg mung semene

Makene Basa Using sing gemelundhung

Wahyu Rizki, 2025

DAFTAR ISI

KATA PENGANTAR	iii
ATER-ATER KANGGO LILIN LAN LINTANG	iv
ATER-ATER PENGANGGIT	v
DAFTAR ISI	vi
LILIN LAN LINTANG	1
WIS SUN IHLASENA.....	4
MI AYAM CEKEKER	8
PACET SENGIDHAN	11
APES	15
BELABUR	19
REJEKI WEDHUS.....	22
APUWA RIKA BAN?.....	29
KUWUNG	33
SAMBEL GORENG CALO	37
KURBANE KURBAN	42
SING NYANA.....	44
NGERANDHU ATI	47
KETEMPLEKAN	50
KEMBANGE ATI	54
TANGIS	57
USUM JERUK.....	61
KEPILU	65

LILIN LAN LINTANG

“Puuueeeeeem.” abane klakson kapal kegawa silire angin ring segara. Lamat-lamat kapal gedhe iku meripit ring dermaga Pelabuhan Ketapang.

Wayah wis mangkat surub. Ring cagak Pelabuhan, katon lare lanang cilik lungguh sedhengku mandengi tekane kapal kang meripit ring dermaga. Dikancani kothak cilik hang isine sikat, susut lan semir sepatu.

Ujik, lare cilik kang magih sekolah kelas loro SD iku, wis nanggung abote urip. Apake pamit menyang Surabaya golet penggaweyan sakat Ujik magih bayi. Taping seperene sing ana kabare. Kadine, emake mung bisa buruh umbah-umbah kanggo nguripi anake loro, Ujik lan Kosim.

Kosim anak penggarep. Umure rong taun lebih tuwek timbang adhike. Kosim larene penter lan patheng sekolah. Iyane mesthi dadi juwarane kelas. Taping awake ampis. Sithik-sithik kadheman.

Kosim lan Ujik rukun sak duluran. Saben dina emake sing waleh marahi dhung sak duluran kudu rukun. Kekurangane dulur kudu bisa nerima. Sapa-sapa kang kuwat iku kang njunjung.

Dina iki, Kosim melaku sekolah, nganggo sepatu kang suwek. Iyane sing isin kerana ya sing ana maning. Weruh kahanan kang gedigu, Ujik sing tega. Iyane dhuweni niyatna dhung engko nyemir sepatu ulihe rada akeh, arep dienggo nukokaken sepatu kakange.

Wayah mangkat soren, kaya biyasahe sedurunge mangkat nyemir sepatu, Iyane pamit nang emake makene rejeki lancar. Ambi ngambung tangane emak, Ujik njaluk donga.

“Mugi duweni rejeki kang akeh ya Mak. Ujik berangkat.” Pamite Ujik.

Emake mung manthuk ambi ngelus endhase anake, ngempet banyu mata makene sing mili.

Kerana umahe Ujik ring Bulusan, iyane melaku edheng-edheng menyang Pelabuhan Ketapang.

Gadhuk Pelabuhan, Ujik mara nang akehe uwong kang lungguh ring kursi tunggu. Nawak-nawakaken jasa semir sepatu. Rasa sungkan lan isin kebuwang. Iyane wis tatag ambi penggaweyan iku.

Sak akehe uwong kang ana. Mung siji kang gelem sepatune disemir. Ujik sing ngersula, iyane ngucap sukur ring Pengeran kerana wis duwensi rejeki masiya mung sithik.

Ambi nganteni penumpang teka. ring kulon katon uwong nganggo sepatu pantopel lungguh ring kursi tunggu. Sing kakehhan mikir, Ujik sekala mara nyang uwong iku. Ujik uluk salam uga nawani ngerjigi sepatune. Taping kerana uwong iku serius deleng hape, iyane sing rungu. Ujik marek, uga nyekel sepatune, uwong iku kaget lan ngiplas tangan Ujik ambi sikile sampek kothak wadahe semir mencelat lan isine dhedhekan. Uwonge muring weruh kelakuane Ujik.

Ujik seru kagete. Iyane nelangsa ambi mberebes banyu mata. Njuwuti sikat lan semir kang dhedhegan. Taping rasa nelangsa sithik-sithik iyane buwang. Iyane golet maning uwong kang gelem disemir sepatune. Kuwasane Alloh, akeh uwong kang gelem disemir sepatu. Lan picis ulihe nyemir dina iki radha akeh cukup dhung dienggo nukokaken sepatu kakange.

Ring umah, Kosim nguweni rasa girang nang emake. Dhung iyane, menang lomba Olimpiade Matematika. Kesuk arep diajak njuwut hadhiyahe nong Pendhapa. Rungu kabar teka Kosim, emak ngucap sukur nyang Pengeran kang wis maringi anak kang bisa nyenengaken atine wong tuwek.

Ring lawang umah katon Ujik kang buru mulih teka nyemir. Kelambine katon kothor. Taping, esemane wera. Ring tangan kiwane,

gowo keresek cemeng isi sepatu kanggo kakange. Iyane ngelungaken ambi mesem.

“Iki kanggo Rika, Kang.”

“Paran iki, Isun sing tau njaluk paran-paran,” ambi nyekel keresek cemeng kang dielungaken Ujik.

“Sepatunrika wis sing keneng dienggo, iki Sun tukokaken kang anyar.”

Emak meluk anake loro seru singsete. Ambi nangis iyane ngomong, “Ujik, dadiya lilin kang terus madhangi, Kosim dadiya lintang kang murub ana dhuwuran. Padha-padha madhangi masiya bida carane.”

(Banyuwangi.viva.co.id, 24 Juni 2024)



WIS SUN IHLASENA

Serngege wis mangkat melethek. Sun sawang anak perawanisun wis mangkat denden arep melaku megawe. Mesem-mesem nang ngarepe kaca nyawang iyane dhewek hang katon ayu. Ngelus-ngelus tangan lan sikile kang diborehi *handbody*. Kulit kuning langsat percis kaya kulitane apake. Apak kang mung bisa disawang teka kadohan. Kerana wis lawas dijuwut wong wadon liya.

“Pia, aja lali engko mulih megawe mampira nyang umahe Mak Uwek Patiyah!”

“Ana paran sih Mak mampir merana?”

“Uwekira sore wekas, Sira kongkon merana. Arep diuweni asile kebonan jatahe Apakira nawi. Wis meranaa nawi rejeki.”

“Enggih pun Mak.” Ambi mobat-mabiteken rambute kang lurus dawa sak bokong.

Lawas, wis ana sepuluh taun, apake Pia ninggalaken isun. Dhung dienget-enget perihe lara ati iki sing ana kang bisa nambani. Abot lan susahe gudhane wong umah-umah sun terima kelawan ati legawa. Kang penting urip magih bisa rukun tentrem. Taping, gudha kang siji iki nggawe isun kudu ngelilakaken apake Pia pisah ambi isun. Kerana iyane wis digandholi wong wadon liya. Dhung cuma digandholi nawi isun magih bisa nyadharaken. Taping dhung wis ngerogoh sukma isun bisa paran.

Isun wong wadon kang sing duwe wong tuwek maning, bingung arep melung njaluk tulung nyang sapa. Hang sun sawang mung Pia, muga bisa terima dhung apake wis urip ambi wong wadon liya.

Wis telung Lebaran iki sun rasakaken, apake Pia sing ana katon. Biyasahe dhung Lebaran, iyane sak anak lan rabine salam-salaman keliling nyang tangga-tangga. Maklum bain isun lan apake Pia mula sak tanggaan, mung ngelencat banyu. Katon seneng lan tentrem ika umah-umah. Sing kaya isun, mung nyidhem anane welas nyang rika.

“Mak....Mak !” ulihe Pia nyeluk kari geregeten.

“Ngelamun paran Rika iki Mak, Sun celuk sakat mau sing semaur.”

“Astaghfirulloh, Tik... Pia, paran... paran... kari sampek kongos-kongos Sira iki?”

“Mak, Pia dugi umahe Mak Uwek. Apake kadheman wis rada lawas tirah nyang kana, mari ngamar ring rumah sakit, lara lambung akut kudu dioperasi.”

“Ya Allah.” Ambi ngethip-ngethipaken mata makene iluh sing temetes.

“Mak, suwarane abot ika nyapa Pia. Njaluk seputra ambi rada kesandhet-sandhet.”

“Iya wis Pia, sambang-sambangana terus Apakira. Kelendi rabine nyang Sira, nyapa tah using?”

“Sakat bengen dhung ana Isun iku, mesthi nyingkur ya Mak. Kaya wong suker nyang Pia.”

“Duweya ati kang jembar ya Pia, aja ana lara ati, kabeh Gusti kang anani.”

“Enggih Mak,” abane ambi moset iluh nang pipine.

Ya Allah mugi Ndika paringi jembar atine anak kula Pia. Sakat cilik sing tau disambang apake kerana sungkan rame ambi rabine. Lare nyidhem kangen, pingin gesah ambi apake kaya lare-lare seumurane.

Kaya biyasahe, mudhun sembayang Subuh isun nyandhak kain-kain jahitan. Kerana wis wayahe dimarekaken dadi kelambi. Pesenan kang arep dijuwut engko soren. Taping, serngenge sing njumbul-njumbul. Kaya mendhung tapi angine kaya sing enak nang awak. Apatah kerana sewengyan isun sing bisa turu? Mikiraken Pia.

“Mak Pia berangkat medamel,” abane ngelungaken tangane njaluk salaman.

“Ati-ati ya Tik..”

Kelambi pesenan wis padha mari. Kari masang kancing edheng-edhengan. Sun pasang bolak nang edom dondon. Dengaren kari luput-luput. Kerana wis biyasah nganggo alat bantu ngelebokaken bolak nang edome. Kene mau alate rusak, ya luput kabeh wis. Bangete mendeliki bolongane edom, isun dikagetaken HP kang muni kari anter. Sun deleng, Mak Uweke Pia. Ati tambah sing karuhan.

“Assalamualaikum.” Sun uluk salam.

“Waalaikumsalam, Dhik meriniya saiki nyang rumah sakit. Apake Pia kritis. Pia gawanen pisan merene,” omonge Wak Patiyah.

“Enggih Mbok, tapi Pia magih medamel,” isun semaur.

“Iya wis kabarana, kang penting Sira sulung meriniya.”

“Enggih pun.” Awak lisuh sekala iku.

Ulihe isun sing bisa nunggang sepidhah, dadine bingung golet ojek kang bisa ngaterakan isun nyang rumah sakit, sampek melayu-melayu.

Tekane nang rumah sakit, buru nyang ngarep lawang, dulur-dulurane rabine apake Pia padha meluk lan njaluk sepura nyang isun. Kerana weruh dhung dulure hang ngerusak rumah tangganisun. Isun mung bisa meneng ngiluh.

Isun mareki nyang apake Pia kang wis sing usik. Isun ngomong lirih nyang kupinge.

“Kang.. Isun wis teka, Isun wis ngelilakken paran hang ana. Sun sepura kabeh paran hang tau Rika lakoni. Ayuk, semangat Kang. Sing kepingin nyawang anakrika laki rabi tah? Ayuk, hang kuwat ngelawan lara.”

Apake Pia sing semaur, taping iluh temetes teka matane kang merem. Ati sing tega nyawang. Rabi lan anak-anake magih cilik-cilik.

Sekirane sak jam ana engkono. Kahanane apake Pia magih sing ana perubahan. Isun metu teka kamar lan usik arep pamitan mulih.

“Apak... apak...!” Jerite lare cilik-cilik seru ngagetaken.

Sak njerone kamar padha tangisan. kaya sing percaya. Rika ninggalaken sekabehe uwong. Ati iki saya keiris-iris, ngalah-ngalahi tatune ati bengen. "Masiya ati lara, Isun sing tau ngarepaken Rika sing ana, Kang."

(Banyuwangi, Belambangan.com-18 Februari 2024)

MI AYAM CEKEKER

Sing kerasa wis wolung taun isun laki rabi. Buru diparingi, mandheg telung ulan saiki. Awak kerasa lesuh, mangan sing arep. Jare uwong iki kang diarani nyidham.

"Dhik, Rika arep panganan paran, nawi Isun bisa nggoletaken," takone Kang Saleh lakinisun hang cemeng manis.

"Kaya sing ana hang arep Isun nyang panganan-panganan iki, Kang," semaurisun ambi temungkul.

"Biyasahe Rika dhemen nyang aran Mi Ayam. Iki sing katon tah?"

"Embuw wis Kang," sautisun lemes.

Wayah wis mangkat Magerib. Uwong uwong wis padha mangkat nyang Mesjid. Mudhun sembayang Magerib, Kang Saleh ngajak isun marung mi ayam hang biyasahe sun dhemeni. Sing kathik mikir-mikir maning, isun njuwut jaket aju nyepleng nyang burine Kang Saleh hang wis mecegreg nang sepidhah montore.

Sing kari adoh, isun wis gadug ring warung mi ayam. Warung katon rame akeh hang padha tuku.

"Pak, Mi Ayam loro ambi cekeker sak mangkok," isun mesen nyang Pak Slamet hang dodol mi ayam.

"Iya, antenana, giliran," jawabe Pak Slamet.

Isun lan Kang Saleh golet pelungguhan hang magih ana, pas nyang burine rompong mi ayam.

Sak pungkase isun pesen mi ana sak pasang wong lanang wadon rada wayah, milu tuku mi aju lungguh percis nyang ngarepisun.

“Pesen napa, Mbok?” Bu Slamet takon nyang wong wadon iku.

“Mi ayam rong mangkok ambi cekeker Bu,” jawabe.

“Ee, siji bain, Isun using,” hang lanang nimpali omong.

“Apuwa sih Kang sing arep nyang mi?” takone hang wadon.

“Sing wis, Rika bain.”

“Nggih empun Bu, siji bain. Aja lali cekeker Bu sak mangkok.” Wong wadon iku seru tegese gok ngomong.

Sing kerasa nulih gesahe wong keloron hang kari renyah mau, mi ayam wis semandhing nang ngarepisun. Semono uga mi pesenan wong wadon ngarepisun iki.

Nyawang mi semandhing sing ana cekeker sak mangkok. Isun melung, “Bu cekekere sak mangkok.”

Bu Slamet aju ngateraken sak mangkok cekeker nyang isun.

Wong wadon ngarepisun katon bingung, uga milu melung, “Bu, cekeker pesenanisun endi?”

Bu Slamet semaur, “Entek Mbok!”

Sekala iku, peraenane wong wadon ngarepisun uwah, pantese lara atine.

Isun sing weruh jawane tepak nyendhok mi lan ndilati manise cecker hang katon cemeng, wong wadon iku nyawang isun seru sing enake.

"Panganen roh mi iki, jare mau seru arepe," ucape kang lanang rada ngedhem-edhem.

"Sing, wis wareg!" Tegese wong wadon iku.

"Apuwa, jare mau elom katon nyang mi ayam."

"Iya, kadhung ana cekekere! Isun wis pesen sulung malah sing uman. Ayuk wis mulih!" Wong wadon iku nyerecet.

Isun sakkal kebaglek mangan cekeker. Wis kadhung sun dilati, madak arep sun tawakaken nyang iyane. Isun kethip-kethip milu bingung. Iyane yara sing weruh kadhung isun mau pesen cekeker sulung. Ketimbang jabang bayi nyang wetengisun kurang mangan, ya sun entekaken bain wis mi ayam ambi cekekere.

(Belambangan.com, 3 Maret 2024)

PACET SENGIDHAN

Gemicike banyu mili ring Kali Bendo isuk iki, kerasa ngadhempi pikiran. Isun lan anak-anakisun, Jainik ambi Ropik ngerekep awak ring ilen-ilene banyu iki. Seru girange nyawang Jainik, anak isun kang penggarep ciblung lan sembur-semburan banyu ambi adhike.

Saya suwi saya kerasa adhem sampek nong belung. Sunare sengenge ana ring dhuwur endhas. Lambe disawang saya tambah biru. Kulit deriji tangan wis mangkat kesut. Taping semono muka sing dirasakaken lare-lare. Ropik anak isun kang cilik magih umur telung taun ngerekep sing keneng dientas.

“Ayok, lare padha mentasa. Kesuk maning. Delengen lambenira wis padha biru. Iki andhuke, mari digu enggonen kelambine ambiya caring.”

Nyawang lalare wis padha caring, Isun peruput-peruput penganggone lalare kang teles ring njero kerek cemeng. Uga mulih nunggang sepedha udhud ketelon.

Dina ganti dina sing kerasa wis seminggu kelakon. Arep ngajak lalare memengan nyang banyu Kali Bendo maning, taping mangsa wis mangkat rendheng. Dhung nyang Kali Bendo biyasahe banyune kethuh kerana keneng belaburan.

Ring tengenisun Ropik ngedhimpel meluk isun. Sun rasakaken awake kaya anget. Sun peluk uga sun pangku. Saya suwi awake saya manas-manasaken. Sun njuwut obat lan sun ombekaken. Sun gendhong lan Sun kusuki bun-bunane. Sun kemuli makene keringeten.

Wis telung dina, Ropik magih durung adhem. Sun kepikiran, mesthi ana kang salah ambi awake. Dhung mung panas biyasa, musthine mari ngombe obat awake bisa adhem. Sing mikir kesuwen-suwen. Sun gawa Ropik menyang Rumah Sakit.

Adheme angin dalu iki, sing sun rasakaken. Sun terajang bain makene gancang gaduk Rumah Sakit.

Ring UGD, Ropik uga diperiksa lan dijuwut getihe. Mastekaken ana penyakit paran nong awake. Ambi nganteni ulihe periksa. Ring bacote Ropik katon mili getih seger. Isun sakal kaget gupuh nyeluk perawat kang ana.

“Dhok! Tulung apuwa anakisun iki. Gok mili getih teka bacote.”

Sekala iku dhokter lan perawat milu gupuh ngerumat Ropik.

“Bu, deleng asile laboratorium, anakrika iki keneng Demam Berdarah. Kadine kudu rawat inap ring kene.”

Sing bisa muni paran-paran maning, isun mung bisa paserah milu paran jare dhokter. Makene Ropik gancang aron.

Impus dipasang ring tangan tengene Ropik. Obat disuntikaken liwat impus. Sing kari suwi, awake Ropik mangkat adhem. Ropik uga bisa turu angeler.

Isuk iki, isun ngucap sukur Alhamdulillah, Ropik uga katon cenger. Doyan mangan.

Rada soren, perawat mara. Ambi nggawa asile periksane dhokter isuk iki.

“Bu, asile periksane dhokter, kerana HB ring awake Ropik sing mudhun. Ropik bisa mulih dina iki.”

Atinisun girang, Ropik wis aron. Bisa mulih dina iki. Taping, isun ya mangmang. Dhung lara Demam Berdarah biyasahe HB musthi mudhun, apuwa kok HBne Ropik sing paran-paran. Timbang tuwas kesuwen, sun urusi administrasi makene gancang mulih.

Teka umah, Ropik sing kaya lare mari kadheman. Iyane umeg kaya biyasahe. Memengan lan geridhoan ambi kakange.

Sing kerasa, banget-bangete memengan montor-montoran ambi kakange. Getih seger mili maning saka bacote. Awake uga milu panas.

“Mak, apuwa bacote Ropik!” Jainik melung seru kuwate.

Isun berejak, Ropik sun gendhong lan sun poset getih kang mili saka bacote. Sun gawa maning Ropik nyang Rumah Sakit.

“Dhok, apuwa anakisun iki. Asile periksa wis sing ana penyakite. Naming apuwa gok bisa mili getih gedigi?” Isun ngomong ambi gemeter.

Dhokter lan perawat uga meriksa Ropik. Diwani obat ngedhukaken panas saka dalan buri. Sing kari suwi, panase uga mudhun.

“Bu, anakrika kudune diperiksakaken lebih intensif nyang Rumah Sakit Jember. Makene katon penyakite. Ring kene wis diperiksa uga diobati sing ngasilaken paran-paran. Rika gawa nyang Jember bain.”

Rungu kalimah kang gedigu teka dhokter, ati lan pikiran sing karuhan. Cangkem sing bisa muni paran-paran. Isun mulih gawa Ropik menyang umah emak isuk.

Ring pelataran umahe Emak, isun sing bisa nguwati maning. Isun sakal melung nyeluk emak ambi gero-gero.

“Emaaak.”

“Paran Sira iki Tus, ana paran,” emak melayu saka njeru umah marani isun.

Ropik digindhong emak lan Isun digadhang Apak. Lungguh ring pelanca bale umah. Isun cerita kabeh kahanan kang ana.

Ring sisih isun, emak mangku Ropik ambi donga-donga.

“Tik, tolong juwutena bawang abang lan suruh ring pawon. Bebekan andohen lepekan,” perintahé emak ning Yatik adhikisun.

“Nggih Mak”

Sing kari suwi, bebekan bawang abang lan suruh sak lepek wis digawa Yatik.

“Niki Mak.” Ambi ngelungaken lepekan isi bawang abang lan suruh.

Sekala iku bebekan bawang aenbang lan suruh ditemplekak ring bun-bunane Ropik.

“Paringana seger waras Gusti, putunisun iki,” ambi ngusap bun-bunane Ropik.

Ropik kang magih dhurung tete kadhung ngomong mung bisa ngeringik. Lamat-lamat, Ropik mentheleng nyawang embahe.

“Eeee.. eeee..” Ropik nudhing bacote.

“Apuwa Lik, apuwa bacote.”

Dipasdhek-pasdhekaken ambi embahe. Gok ana cemeng-cemeng ring njero bacote.

“Tik, ana parane ring bacote lare iki Tik. Kelendi njuwute iki.”

Isun sakal melencat deleng bacote Ropik. Sun cothet sing keneng. Ropik saya nangis keleteran.

Yatik kepelayon ring umahe Wak Saleh mantri suntik sebelah umah. Njaluk tulung meriksa Ropik.

Wak Saleh teka aju ngurupi senter cilik ring bacote Ropik. Nganggo cepitan cilik, edheng-edheng dilebokaken ring bacote Ropik. Diorot, kaya kewan cemeng dawa metu teka bacote Ropik.

“Astagfirulloh, iki pacet Tik ana ring njerone bacot anakira.”

“Ya Alloh, endane ulihe ngerekep ring banyu Kali Bendo kapan ika ya?”

Sekabehe uwong kang nulih padha jengah.

(Banyuwangi.viva.co.id, 3 Juli 2024)

APES

Abang kuninge langit sore iki, barengi ati kang sulaya. Nyawang Kang Mansur hang lumah-lumah ana ring pelanca bale umah. Kaya sing duwe pikiran, kelendi kesuk iki apa magih ana kang diedang tah using. Apa magih ana kang dienggo nguweni sangune anak sekolah tah sing. Bisane mung mecegrek, ana kang dipangan ya milu mangan. Sing ana, ya golet dhewek ya dipangan dhewek. Heem kelendi endane lakinisun iki.

Aranisun Sariyatik. Wis umah-umah ambi Kang Mansur suwene 35 taun. Urip katon sing ana ubahe. Dudu kerana isun kurang sukur nang Pengerahan. Taping ya sun rasakaken, urip ambi Kang Mansur mung bisa cukup dipangan. Masiyatah hang golet picis kadhang ya isun. Dhung Kang Mansur wis muni lara boyok, iku berarti iyane wis sing melaku megawe. Mergane picis ulihe megawe engsoren musthi bisa dienggo belanja rong dina. Kerana kahanan iku muko, isun ya kudu bisa golet picis, masiyatah mung buruh nyithak kerupuk utawa dhung kongang yaadol pecelan ring umah.

Bang bang wetan wis gemantung. Isun wis mangkat nyepak-nyepakaken bahan-bahan kanggone olah lonthong. Godhong sun suweki lan sun kusuti. Uga beras sun lebokaken ring jerone godhong kang wis diculepi semat. Sun etap ring panci uga sun wani banyu rada akeh.

Edheng-edheng Kang Mansur tangi turu metu teka kamar. Marek nyang bengahan lan dandan geni. Dhung wayah kang gedigu, Isun ya welas.

“Kang, engko rada padhang, ayuk nyang Pasar Banyuwangi,” ajak isun.

Kang Mansur mung manggut sing semaur.

Lonthong wis mangkat mateng. Sun entas lan sun jejer ring irig. Srengenge wis katon padhang. Isun arep mangkat menyang pasar. Sun dheleng kang Mansur lumah-lumah ring pelanca bale umah.

“Ayuk Kang berangkat.”

“Iya Dhik,” ambi ngadek melaku ngetokaken sepidhah montor tuwek.

“Heeerrrr.” Suwarane sepedahe Holik keponakanisun teka.

“Lik, nyilih sepedhahe ya, ngeteraken bibikira nyang pasar,” ucape Kang Mansur.

“Nggih niki.”

Isun kaya sing enak ati. Apuwa kang Mansur gok sing nganggo sepidhahe dhewek. Apa kerana sepidhahe tuwek. Apa kerana kepingin gelis gadug kerana sepidhahe Holik anyar. Embuh wis sing sun pikir. Isun milu bain gongceng. Hang penting bisa gadug pasar.

Sing suwi, Isun nyang pasar tuku paran-paran bain kang dienggo adol pecelan. Kang Mansur nunggu nyang pinggir dalan makene sing bayar parkir. Isun mara lan ngajak mulih.

“Mari wis Dhik?”

“Iya Kang, ayuk mulih.”

Sepidhah diuripi uga melaku mulih ngeliwati dalan kang muka berangkate. Sepidhah anyar sing ana abane. Kari enak sekok manyun sing kerasa dhung keneng jugelangan. Gadug ring perapatan Sukowidi, sepidhah melaku endhut-endhutan. Ye kalingana bensine entek. Sun elungaken picis limalas ewu nang Kang Mansur kanggo tuku bensin.

“Nyak Kang Picise, sun anteni kene ya. Goleta bensin wis,” ambi ngelungaken picis nang Kang Mansur.

Ulihe kari suwi, isun ngadeg pinggir dalan nganten Kang Mansur sing ana teka. Sun sawang ring burinisun ana warung rada melebu sithik semeter setengah paling. Ya isun milu lungguh nang kono.

Nyawang gedhang goreng anget-angetan cemepak ring piring. Wetengisun muni, idu sun eleg, gorokan garing.

“Mbok, kopi secingkir ya.”

Metune isun marung, ngombe kopi uga mangan gedhang goreng. Sak suwine nganten Kang Mansur golet bensin.

Saya suwi sun rasak-rasakaken, kok Kang Mansur iki sing teka-teka nyang endi parane wong iki ya. “Tuku bensin tah kesirep.” Batinisun.

Kalingana, Kang Mansur iki deleng isun nang panggonan sun ngadeg muka sing ana. Iyane mulih, gok nyangka isun melaku edheng-edhengan. Serta gadug umah, anak isun warah dhung emak magih durung mulih. Iyane bingung, balik maning goleti isun. Taping, ngango sepidhahe dhewek kerana sepidhahe Holik arep dienggo menyang.

Sak dalan-dalan Kang Mansur celathu entek. Sing weruha kecaruk Isun nang pinggir dalan. Kerana isun wis melaku edheng-edhengan.

“Nyang endi bain Sira iki Dhik. Sun tulih nang panggonan muka sing ana.”

“Isun lungguh nang warung Kang, ngenteni Rika. Kok sing Rika goleti ring kono. Perlu mulih.”

“Ya jarehun Rika melaku tah nunut uwong mulih.”

Sing kari adoh, sepidhah tuwek iki mangkat muni gerok-gerokan. Kalingana bensine uga entek.

“Apuwa sepidhah iki Kang?”

“Sulung Sun deleng, kayane bensine entek.”

“Aju kelendi Kang, Isun sing duwe picis maning. Iki mung ana petang ewu. Karine tuku kopi ambi gedhang goreng muka.”

“Haa, kelendi ya. Ring kene sing ana kang adol bensin literan. Anane wis botolan. Dhung picise sing ana, Ya ayuk disurung bain Dhik.”

Kari gedigi urip ambi Rika iki kang. Nemu bain apes.

(Banyuwangi.viva.co.id, 10 Juli 2024)



BELABUR

Sakat isun serngenge katon padhang. Sing ana tandha-tandha arep udan. Mega uga katon putih rijig sing ana kelawune. Mbok Saniyah hang manggon ring pinggir banyu magih umek ambi kelambi-kelambi suwek hang kudu dibecikaken. Masiya sikil aboh kerana weteng wis melaku wolung ulan.

Mbok Saniyah manggon pinggir banyu ring lemah duwene Pengairan sakat limang taun kepungkur. Kerana wis sing ana pilihan maning. Ketimbang bayar umah kontrakan kang saya suwi saya larang. Iyane milih panggonan kang bisa dipanggoni taping ya murah bayare.

Kali gedhe buri umahe iku sing mili banyu. Mung dhung wayah banyu kali gedhe, DAM ditutup lan diilekaken merono. Paran maning dhung mangkat belaburan.

Angger belabur teka, abane watu kali kang gemelothak kegawa banyu dadi iringane Mbok Saniyah. Atine kemesar, rasa wedi mesthi ana. Kerana banyu belabur musti nampes nyang sikil-sikilane umahe. Dhung mari belabur, lakine musti nata watu maning ring buri umahe kerana watu kang wis ana milu keli ambi belabur.

Ring kulon umahe ana sasak kang buru bain dibecikaken. Wis lawas sasak iku rontog. Jare uwong, bengen sasak iku rubuh kerana keneng belabur gedhe. Belabur kang duweni tandha wong mertapa wis wayah mudhun nyang laut. Merupa ula gedhe kang kegawa banyu belabur. Ring kana ulane ngadheg jejeg kaya uwit kelapa. Kerana gedhene banyu lan ula kang ngadeg iku gawe sasak kulon umah roboh. Taping kabeh iku mung cerita. Saikine sasak iku wis dibecikaken. Bisa digawe liwatan.

Bedhug-bedhug langit ring kulon katon peteng. Biyasahe dhung kahanane gedigu musthi ring kulon udan. Taping ring sak ubengane

umah Mbok Saniyah sing katon arep udan. Panas kemelethak. Banget-bangete jahit kelambi. Ana suwara wong padha berik-berik.

“Belabur....Belabur.”

Mbok Saniyah sing gupuh. Kerana wis keseringen kali buri umahe mula panggonan buwangane banyu belabur. Sak gedhe-gedhene ya sing kira ngerontogaken umah.

“Belabur...Belabur. Yah metuwa Sira teka umah. Iki belabur gedhe. Iku mauka wong kulon nyeja ngabari dhung belabur iki keliwat gedhene,” ucape mbok Jum tangga kulon umahe.

Mbok Saniyah jenggirat metu. Deleng buri umahe magih durung ana banyu mili. Taping wis akeh uwong ring dhuwure sasak kulon umahe. Kepingin weruh gedhene banyu belabur.

Lamat-lamat banyu belabur mangkat teka. Banyu kang mili cilik lan kening uwah dadi ketuh lan saya nggedhe-gedhekaken. Banyu saya suwi saya munggah. Mbok Saniyah bingung kerana nang umah dhewekan. Lakine magih megawe nyithak bata. Adoh teka umahe.

Mbok Jum lan kang Saleh lakine gupuh ngabani Mbok Saniyah makene ngetokaken barang-barang kang ana ring jero umahe. Kerana dideleng banyu wis mangkat munggah. Dhung dideleng lakune, banyu belabur iku nggerus lemah buri umahe mbok Saniyah. Kadine umah iku musti kegawa banyu belabur.

“Ayo kang, cepet dijunjung mesin jahit iki. Tembok buri iki kaya arep rontog,” ucape mbok Jum ambi nggotong mesin jahit keloron ambi kang lanang.

Mbok Saniyah mung bisa berebes banyu mata ambi nyawang umahe kang wis diputeri banyu belabur.

“Keretek... keretek... bluuung.” Tembok buri umahe rontog kegerus bayu belabur.

“Ya Allah... Ya Allah...” jerita uwong uwong kang padha dhileng kahanan iku.

Mbok Saniyah kang meteng wolung ulan mangkat lemes. Lakine teka melayu kepungun-pungun teka kadhohan. Sakal mondhong rabine.

“Kang, umahe kang. Umahe.”

“Iyo Dhik. Menenga wis. Menenga.”

Sing kari suwi, belabur wis mangkat suda. Banyu wis mudun. Umah junjungan katon padhang. Tembok buri rontog kegawa banyu.

(Banyuwangi.viva.co.id, 7 Agustus 2024)



REJEKI WEDHUS

Mak Ijah urip keloron ambi anak lanange hang magih cilik, Salim arane. Lakine wis ninggal donya sakat Salim magih bayi. Kerana iku, iyane seru temenanane ngerumat Salim makene padha ambi rewange. Makene sing kurang-kurang welas asihe nang wong tuwek, masiya wong tuwek kari siji.

Saikine Salim wis umur wolung taun. Lare cilik kang patheng angon menda tinggalane apake. Saben soren nggiring menda-mendane golet suket nyang kebonan. Iyane sing tau ngersula ngelakoni kabeh iku. Iyane seru girang atine dhung wayah angon menda.

Dina Jemuah, sak mudhune uwong jumatan. Salim sing nganteni wayah soren arep angon menda. Kerana ngerti saikine wis mangsa rendheng. Rada soren sitik mesthi udane mudhun.

Sing lali pamitan ambi emake, Salim aju melaku angon menda. Ambi gendhingan sedawane dalam, iyane melaku nggiring mendane nyang kebonan. Dina iki, iyane golet panggonan rada adoh. Merga suket hang ana nyang kebonan elore banyu kang biyasah iyane parani wis entek, durung merujuk maning.

Salim melaku ngulon. Ambi ngati-atи nggiring mendane melaku nggolet suket kang magih kandel godhonge.

Weruh suket kang katon ijo lan gembel, iyane aju ngeculaken menda-mendane makene bisa mangan suket sak warege. Serngege panas kementhang. Salim lungguh ring ngingsore uwit epoh kang erob. Dirasak-rasakaken angin semilir kari icis. Sing kerasa, Salim keturon ring kono.

Rada suwi, langit uwah dadi mendhung. Gibese angin saya anter. Geludhug celepretan. Salim kang kesirep ring ngingsor uwit epoh

jenggirat tangi. Kepungun-pungun iyane nggiring mendane mulih. Banyu udan wis mangkat cicir. Digancangaken melakune. Ring tengah dalan, iyane nyawang menda-mendane kang padha keruntelan melaku. Iyane buru kerasa gok ana kang kurang. Kalingana mendane kurang siji.

“Astagfirulloh, mendanisun kurang siji.”

Sekala iku, iyane melayu ngalor, ngidul, ngulon, ngetan nggoleti mendane kang kurang siji. Taping, sing ketemu. Salim, ambi nangis mulih nggiring menda kang magih ana. Sing dirasakaken maning banyu udan kang cicir saya deres.

“Nyang endi, mendanisun iki. Sing biyasahe kok nyingsal siji. Mak, sepurane,” Salim nggeremeng dhewek.

Ring ceracobane lawang, Mak Ijah wis nganteni tekane Salim. Katon ring kadohan anake lan segerumbul mendane melayu mulih. Atine mak Ijah kerasa lega nyawang anak lanange mulih masiya keblesan banyu udan. Mak Ijah wis nyiyapaken banyu gemulak kanggo aduse Salim. Mak Ijah ngerti dhung anake mesthi gemigilen kerana kudanan ring dalan.

Ambi mbukak lawang, Salim uluk salam “Assalamualaikum”

“Walaikumsalam, wis Lik, gancang adusa, makene sing masuk angin.” Semaure Mak Ijah.

Salim ambi rada lendhu melebu nyang cedhing. Mak Ijah rumangsa kaya ana kang ngganjal ndeleng anake lanang kang lemes melaku nyang cedhing. Sing gancang ditakoni ana paran. Mak Ijah aju nyiyapaken mangan.

Sak marine adus lan ganti kelambi, Salim melaku nyang panggonan mangan. Nyawang emak wis nyepakaken sega lan iwak ring ndhuwur meja. Esem lambene ngajak gesah ngawiti cerita.

"Lim, mangana wis kang wareg. Engko bain dhung arep cerita," ujare emake kalem.

Atine Salim kang arep melung, saya srep ngerenyes.

"Nggih mak." Ambi ngedhuk sega ring kemarang.

Sak marine mangan, Mak Ijah sing sekala iku nakoni kedadeyan paran kang mari dilakoni. Taping Mak Ijah ngejak anak lanange iku geredhoan. Ambi muni gendhing-gendhing lucu kang bisa nggawe anake gemuyu.

Lamat-lamat, Salim ngawiti cerita.

"Mak, sepurane kang akeh. Salim sing bisa njaga amanah."

"Apuwa Lik?" Semaure Mak Ijah alus.

"Mendane apak, ilang siji Mak."

"Kelendi ceritane gok bisa ilang?" Takon Mak Ijah edheng.

Salim cerita sekabehe kang dilakoni mauka sampek ilange menda. Iluh mili sing keneng dibebeng. Ati ngenes kerasa-rasa.

Mak Ijah mula uwong kang tatag. Rungu ceritane Salim, iyane sing gupuh. Iyane aju ngadhemaken atine anake.

"Sak kabehe kang awak dhewek duweni ring donya iki mung titipane Gusti. Dhung mula iku magih rejekinira mesthi sak lawas-lawase bakale balik maning. Tapi dhung Gusti wis nakdiraken dudu duwenira, Sira kudu ihlas ya Lik?." Pituture Mak Ijah saya ngadhemaken atine Salim.

Salim mandheg nangis, meluk emake saya rapet.

Dina tambah dina. Ulan wis ganti ulan. Salim lak Mak Ijah ngelakoni urip kaya biyasahe. Salim angon menda, Mak Ijah adol ijon-ijon nyang pasar. Ijon-ijon kang ditandur dhewek nang buri umah kaya dene kangkung, sawen, sawi lan kundur kang merambat nyang pagerane umah.

Isuk iki, Mak Ijah berangkat gawa panenan sawi kuning nyang pasar. Akeh uwong kang padha dhemen nyang sawi tandurane Mak Ijah kerana panganane enak.

“Emak melaku nyang pasar sulung ya Lik.” Pamite Mak Ijah nyang Salim.

Serengenge magih durung kuntup. Mak Ijah wis gadug pasar. Sawi lan untingan ijon-ijon kang digawa teka umah dietap rapet. Uwong tuku padha semilir. Ana kang tuku kangkung mung sak unting. Uga ana kang tuku sawi rada akeh kerana wis langganan.

“Alhamdulillah, hang Sun gawa mauka wis entek. Mugi berkah.” Mak Ijah ngucap sukur nang Pengeran.

Kerana wayah wis mangkat panas. Mak Ijah rijig-rijig panggonane dodolan. Paran bain hang digawa mau wis entek kabeh. Picis ulihe dodolan aju dienggo tuku beras ambi iwak. Uga sing lali nukokaken anak lanange susu wedhus.

Mak Ijah melaku mulih ambi rasa girang. Hing ana rasa kesel kang temepel nang awake. Ngenget-enget kabeh wis dadi takdire iyane, kudu bisa nguripi keluwarga dhewekan.

Edheng-edheng Mak Ijah melaku nuju umahe. Ring kaduhan katon uwong lanang rada tuwek melaku serendengan. Saya suwi saya marek-marekaken. Tepak wis parek, uwong iku aju nyeluk Mak Ijah.

“Mbok, sepurane Isun milu nyerintungi Rika.” Ambi suwara kang emeh entek uwong lanang iku ngomong nyang Mak Ijah.

“Nggeh Wak, Ndika napuwa?” semaure Mak Ijah.

“Isun ulih njaluk banyu kang Rika gawa iku, sithik bain. Picisisun ilang, cicir embuh nyang endi. Wis Sun goleti taping sing ketemu.”

“Nggih niki banyune.” Ambi ngelungaken banyu sak wadhahe kang ana ring keranjange.

Sekala iku banyu hang diuwensi Mak Ijah diombe ambi uwong iku.

“Rika tiyang pundi Wak?” Takone Mak Ijah.

“Isun manggon ring pinggir banyu gedhe kampung wetan kana. Adoh teka engkene. Aranisun Syairik. Celuken Wak Ilik.”

“Mangga kampah teng geriya, makene rada suda kesele,” ajake Mak Ijah.

“Iya wis Mbok kesuwun.”

Sak gaduge Mak Ijah lan Wak Ilik ring umah, katon Salim kang wis nganteni emake mulih teka pasar nang ceracabane lawang.

“Mak... ulih paran?” takone Salim nyang emake.

Arane bain lare, saben dina dhung emake mulih teka pasar mesthi takon paran kang digawa.

“Iki Lik, susu dhemenanira.”

“Iku sapa Mak gok sing tau weruh Isun nyang uwong iku?” ambi madhep nyang emake.

“Uwis engko bain takone, Emak olah-olah sulung ya makene bisa gancang madhang.”

Sakuwise mateng kabeh, Mak Ijah ngajak Wak Ilik mangan bareng ambi anake. Bangete padha mangan, Wak Ilik nulihi Salim kari seru welase. Lan uga kaya tau weruh nyang peraenane lare cilik iku.

“Salim, Wak Ilik milu takon, Sira tau tah memengan nyang kebonan kulon kana?”

“Lawas wis Wak, sing tau merana maning kerana adoh,” semaure Salim.

“Napuwa Wak? Kaya ana kang ngganjel nyang atinrika,” takone Mak Ijah.

“Isun kaya tau weruh lare cilik iki turu nyang ngingsore uwit epoh nyang kebonan kulon kono. Wayah iku, Isun gupuh nggiring wedhusisun mulih kerana wis mangkat udan. Gadug umah, Sun lebakken wedhus-wedhus iku nyang kandhange. Naming gok ana menda kang milu nyang gerombolane wedhusisun,” Wak Ilik cerita.

“Menda? Mak mendane Salim niku Mak.”

“Mandanira ilang siji tah Lik?” takone Wak Ilik.

“Nggih Wak,” semaure Mak Ijah lan Salim emeh bareng.

“Wis lawas Sun selabar-selabaraken menda iku nyang uwong kampung. Taping sing ana hang rumangsa nduweni.”

Sing kerasa iluhe Mak Ijah mili nyang pipine. Kerana ndeleng anak lanange kang metenggengen, hing nyangka dhung mendane ketemu. Kerana iyane wis ngelilakena menda iku.

“Ayok, Ijah ambi Salim milu nyang umah,” Ajake Wak Ilik.

Mak Ijah, Salim lan Wak Ilik melaku lirih-lirih nuju umahe Wak Ilik. Adoh mula antarane umahe Mak Ijah lan Wak Ilik. Nyaberang banyu kang wis ana sasake.

Gadug ring pelataran umahe Wak Ilik, Mak Ijah lan Salim jengah. Ndeleng umahe Wak Ilik kang gedhe lan apik. Sing nyangka dhung ndeleng jegregane Wak Ilik kang biyasah bain.

Mak Ijah lan Salim sing dilebokaken nyang umahe taping wong loro iku diejak nyang buri umahe Wak Ilik. Kalingana ring buri umahe, Wak Ilik nduwe kandhang wedhus kang gedhi lan wera. Ring kana wedhuse Wak Ilik seru akehe.

“Salim, goletana wis endi mendanira,” jare Wak Ilik.

Ulihe Salim ndeleng sekabehane wedhus, sing katon sithik belaka kang aran menda.

“Mak sing ana ya mendane,” omonge Salim nyang emake.

“Man!” Wak Ilik melung nyeluk aran.

Metu teka kiwane kandhang, lare lanang gering dhuwur nuntun ring tangan tengene menda lan tangan kiwane wedhus cilik. Melaku mara nyang Salim.

“Lim, iki mendanira. Sun balekaken ya. Lan kang siji iki wedhus cilik. Rumaten kang apik sampek gedhi. Iki Wak Ilik nguweni ira. Mbesuk dadiya lare kang patheng lan bisa nentremaken atine wong tuwek ya Lik.”

(Belambangan.com, 2 Juni 2024)

APUWA RIKA BAN?

Lebaran wis ulih limang dina. Sing kerasa, Sak ulan empet ngelakoni puwasa sampekan kaya katon nyang adheme angin pinggir segara.

Isuk iki serngenge katon padhang. Percis esemisun tepak nyawang banyu segara nang pesisir Marina Boom.

“Ayo wis aja kari suwi nyawangi laut. Iki wis mangkat panas serngengene,” jare Sulik, rewang akrab isun.

“Lik, sakat mabengi Isun mung gesah ambi Sira, saiki nyang pesisir ambi Sira maning. Kapan ana hang ngajak melaku-melaku ambi geredhoan ya.”

“Heem, wis aja pati ngayal, mbesok dhung wis ketemu jodhone mesthi sing kira mungkir!” Omonge Sulik rada ngegas.

“Iya wis ayok mulih, endi sepedhahe, juwuten gancang!”

“Dhung gegidi kon cepet-cepetan,” omonge Sulik ambi nggeremeng.

Angin semilir kari adhem sun rasakakaken. Nunggang sepidhah montor rada digancangi makene gancang gaduk umah.

Bangete enak gesah. Lakune sepidhah mara-mara oleng. Isun kang nunggang ana buri milu lakune ban kang nyeleret ngiwa nengen.

“ Lik ... Lik...! Apuwa iki Lik ! Mandhega mandhega.”

Percis ring perapatan Lateng, isun lan Sulik nyurung sepidhah ngaloraken. Temune tepak nyang emperane dalan ngarepe SD Lateng ana panggonan tambal ban.

“Ngetan Lik tulihen, ana tambal ban.”

“Alhamdulillah,” ucape Sulik kang nuntun sepidhah sampek raine abang cemeng, keringet derodosan nang bathuke.

Tukang tambal ban Man Ahim kewaca tulisan hang ana ring ban gede kang gemantung ring wit terembesi pinggir dalan.

“Man nembel ban!” ucap isun.

“Iyo, delehen wis,” semaure Man Ahim.

Sepidhah dijaglang tengah, ban jaba dibukak, ban njero dijuwut aju dikumpa, dicelepaken banyu ana ring bak. Diputer sampek ketemu hang ngowos ngetokaken angin.

“Siji loro,” omonge Man Ahim.

“Haa loro Man, keneng paran endane sampek kari loroan bocore?” jare Sulik.

Geni diselomot nyang sepirtus kang wis diwadhahi nyang panggonane, ban dijepit lan dipanasi ambi geni kono mau. Nganten sampek matine geni.

Ambi ngelamun Isun madhep ngidulaken, nyawang sepidhah, montor, uwong melaku wira wiri sing ana enteke. Katon saka kadohan lare lanang seumuran isun nunggang sepidhah pancat edheng-edheng merepet nyang wetan lurung ngelawan aruse dalan. Perainane ganteng, rambut kelimis, nganggo kelambi lan celana jeans, gawa tas ransel, sepatuan. Kaya ana hang

dipikiraken. Liwat nyang ngarep isun, sing nyeja nulih. Sun esemi, yane milu mesem. Kemesud rasane ati.

"Man, nyilih kumpane," jare iyane.

"Iya, Wan juwuten dhewek," semaure Man Ahim.

Ning jero ati, isun mbatin, diceluk Wan, berarti arane dhung sing Iwan ya Wawan. Isun usik dhewek jero ati. Sing kerasa isun nulihi bain nyang lakune lare iku, sakat juwut kumpa aju masang nyang ban buri. Ditarik kumpa digenjot edheng-edheng, ban ketara kelebon angin teka kumpa. Sitik, sitik ban rada melembung. Dipites magih kurang angin. Digenjot maning. Suwi-suwi ana suwara rada samar "Bluuud". Isun rungu, ya milu usik ring ati. Taping kang sun tulih mung ban buri kang dikumpa muni mau. Sing paran-paran. Iyane langsung nguncalaken kumpa kang dicekel, aju melencat mengarep. Mbukak cop kumpaan ban ngarep taping...."Dhoooor".

Isun Ian Sulik kaget adhep-adhepan. Tuli-tulian. Pada bingunge kang meledhos kang endi. Kang disawang sakat mau ban buri sing paran-paran. Kalingana nulih ban ngarep engkono mau, bane suwek, ana bolongane, dadi kerana keneng panas anter ban jero melendhong ana ring njaba liwat bolongan engkono mau, kerana kasep ngempesaken meledos wis.

Serta paham nyang lakune cerita iki mau, sing kerasa Isun Ian Sulik gemuyu cekikikan sing keneng diempet. Serta nyawang hang duwe sepidhah cangkeme Sulik sun perek makene mandheg gemuyune.

"Apuwa Wan?" takone Man Ahim.

"Heem, meledhos ya Man" semaure yane ambi ndhenguh.

Sing katik ngerasakaken gemuyu, Isun Ian Sulik kang magih lungguh nganteni ban kang durung mari ditembel. Lare ganteng iku aju

nuntun sepedhahe ngaloraken embuh nyang endi. Temune Isun lan Sulik duwe bahan omongan iki.

"Lik, Isun magih heran, kok bisa kang dikumpa kang buri kang meledhos kang ngarep," ucap isun.

"Iya iku, terus apuwa wis ngerti meledhos kok sing dibecikaken pisan, gok malah dituntun nyang endi iku mau."

"Uwis Lik urusane dhewek-dhewek, ayuk mulih, kok bane wis mari ditembel".

(Belambangan.com, 21 April 2024)



KUWUNG

Reni lare cilik kang patheng sinau lan tandang gawe . Ngerewangi emake mulung kopi asile kebonane dhewek. Saben dina melaku sekolah ambi rasa girang kerana iyane mula demen kadung diuweni pelajaran ambi guru-gurune. Sing ana kang bisa ngalahi. Dung ngitung cepet. Tulisane uga apik. Sing mungkir dung musti dadi juara ring kelase.

Taun iki, Reni wis munggah nyang kelas lima. Sekolah buru bain mangkat. Mari preian dawa telung minggu kerana unggah-unggahan kelas. Taping ana kang bida saka perawakane Reni. Iyane dhung melaku katon kaya rada dingkik selisih. Apuwa ya? Pirang-pirang taun sekolah, iyane sing tau kademan. Gok iki ana kang bida teka sikile.

Tepak salaman ambi Bu Us, tangane Reni sing dieculaken. Bu Us nyawang sikile Reni.

“Beng, apuwa dung melaku kok dingkik? Lara tah sikile?”

“Enggih Bu, lara dhung digawe melaku kaya biyasahe. Mangkane Sun gawe dingkik.”

“Kriiiing...” Bel tandha melebu sekolah wis muni. Kabeh lare-lare pada baris nyang ngarepe kelase dhewek-dhewek aju melebu kelas.

Pirang-pirang dina Bu Us duweni ati sing enak nyawang kahanane Reni kang kaya gedigu. Mangkane iyane kepingin kecaruk ambi wong tuweke Reni.

Mulih sekolah iki, Bu Us njujug umahe Reni. Ring kana iyane diweruhi ambi emake Reni dung nyang sikile Reni saikine jumbul pentholan. Kahanan iku mau wis diobataken nyang dhokter, taping dhokter warah dung pentholan kang ana ring sikile Reni mau dioperasi, iku

bisa nggawe jantunge Reni sing kuwat. Kadine keluarga sing bisa paran-paran mung pasrah paran anane. Dileng Reni magih kuwat nahan lara sikile dung digawe melaku.

Dina-dina dilakoni biyasah-biyasah bain, sampek gaduk nyang tekane ulan Agustus. Ulan kang dianten-anten i lare sekolah kerana sak ulan empet mesthi digawe perayaan kemerdekaan negara iki. Akeh lomba-lomba kang dianakaken ring sekolah, ring tingkat kecamatan ambi kabupaten.

Kaya taun-taun kang sulung. Hang paling dianten i lare-lare yaiku lomba gerak jalan. Kerana paran? Kerana panggonan sekolahane Reni adoh teka kutha, sing ana waktu maning dhung sing acara lomba gerak jalan iki bisa mudhun nyang kutha.

Guru olah raga wis siyap milih murid endi kang pantes lan kuwat diajak lomba gerak jalan. Iyane, ngetokaken rong tim gerak jalan. Sak tim lanang lan sak tim wadon. Akehe lare sak tim ana sewelas. Ring pemilihan iku mau Reni sing kepilih kerana pak guru ngeman kahanane Reni. Pak guru wedi dhung ana paran-paran ambi iyane.

Wis kurang rong puluh dina, lomba tingkat Kabupaten dianakaken. Lare-lare saben istirahat musthi latihan gerak jalan muteri kampung. Reni mung bisa nyawang rewang-rewange teka teras kelas. Katon teka matane dhung iya kepingin milu.

Ring sela-selane dina mapag tekane lomba gerak jalan. Ring sekolahe Reni uga nganakaken lomba-lomba kanggo mengeti dina kemerdekaan Indonesia. Ring kana ana lomba karung, mangan kerupuk, oper sarung lan lomba ngelebokaken benang nyang dom. Reni seru girange bisa milu nyang lomba-lomba iku.

Saiki teka nyang dina lombane gerak jalan. Isuk iki, lare-lare kang milu gerak jalan dikumpulaken kanggo diweni kaos kang pada. Warnane abang.

“Lare-lare, engko kumpul nyang sekolahan jam 11. Mangkate gerak jalan jam 1. Aja sampek ana kang kesingsal. Mergane tim lanang duweni nomer 112 lan wadon nomer 123,” wekase pak guru.

“Siyap!” Jawabe lare-lare kari teges.

Bapak lan bu guru nganteni tekane lare-lare. Sing karya suwi, silir lare pada teka. Diiitung-itung kok kurang siji lare wadone.

“Sapa kang durung teka iki?” takon Pak Guru.

“Ani Pak. Katone mau endhase ngelu,” semaure Lia.

Guru-guru padha bingung. Sapa kang bisa ngganteni kerana itungane wis cukup. Serepan mung siji. Dhung ana paran-paran kelendi.

Mara-mara jumbul ring lawang emake Reni. Iyane warah dhung Reni nangis mbeseseken seru kepingine milu gerak jalan. Masiya mung dadi serepan.

Guru-guru pada tulih-tulihan. Sing ana pilihan maning dadi ngijini Reni milu.

Kabeh wis siap ngawal lare-lare berangkat nyang panggonan pemberangkatan. Pak Lisin guru Olah raga ngetap barisane lare-lare miturut nomere. Guru-guru uga bagi tugas, sapa-sapa kang ngawal tim lanang lan tim wadon. Kerana tim lanang lan wadon selisih sepuluh nomer. Uga ana guru kang diwensi tugas nggawa serepe lare. Kanggo ngganteni lare kang sing kuwat melaku.

“Persiapan, nomer urut 123. Maju jalan!” Ambi angkat bendhera panitiya berangkataken tim wadon.

“Go..!” Ucape lare-lare serempak ambi ngawiti melaku.

Bu Us kang melaku sulung nunggang sepidhah dhewekan wis ngedhang ring pinggir dalam kanggo ngetutaken tim wadon. Edheng-edheng Pak Lisin mareki Bu Us.

“Bu, gawanen lare iki ya. Isun nak ngetutaken tim lanang,” wekase Pak Lisin.

Bu Us mung bisa manthuk sing muni paran-paran. Iyane kaget nyawang lare kang dititipaken nyang iyane iku Reni.

Sak dalan-dalan Bu Us donga mugi tim wadon kuwat kabeh. Aja ana kang diganteni. Naming, bida ambi kang ana ring batine Reni. Iyane ngarep bisa milu melaku ana ring jerone tim iku.

Limang kilometer wis dilakoni tim wadon. Magih kesisa 3 kilometer maning. Bu Us ngedhang tim wadon ana ring ngarepe kantor Pemda. Reni lan iyane lungguh ring pinggir dalan nganteni tekane tim wadon.

“Beng, dhung rewange sing ana kang gelem diganteni, aja ngersula ya?” Ambi mesem Bu Us ngomong nyang Reni.

Reni mung temungkul sing semaur.

Teka kadohan katon tim kaos abang melaku kari sagah. Saya suwi saya marek-marekaken. Gadug nyang ngarepane Bu Us. Lare kang baris mburi dewek sekala iku melayu marek Bu Us kang lungguh ring pinggir dalan.

“Sing kuwat isun Bu!” ambi delusup lungguh nyang sebelah tengene Bu Us.

Bu Us kaget deleng lare kang moro-moro lungguh nyang sandhinge. Lan tambah jengah maning deleng Reni kang sekala iku melayu melebu nyang barisan ganteni lare iki mau. Sing kerasa iluh temetes ring pipine Bu Us.

Sak dawane dalam Bu Us nyawang Reni kang seru girange bisa milu gerak jalan. Ahire nyampek ring panggonan finish. Sak bubare lare gerak jalan Bu Us sakal meluk Reni kuwat-kuwat.

“Dadiya lare kang kuwat, sehat lahir lan batin ya Beng. Makene bisa dadi kuwung kaya ring duwuran.”

(Banyuwangi.viva.co.id, 12 Juni 2024)

SAMBEL GORENG CALO

“Hi hi hi.” Embah kepingkel sampek ngiluh, nyawang isun lan kang Enal lakinisun hang padu kerana iwak sak jembung.

Isun, Rokaiyah, buru bain umah-umah magih ulih telung ulan. Masiya wis umur taping magih kaya lare, sing bisa olah-olah panganan. Kerana sing tau pisah ambi wong tuwek. Bisane mung weruh dhung panganan wis mateng.

Naming, sakat teratak kuwadhe mudhun. Isun lan kang Enal dipapakaken apak ring umah kontrakan cilik pinggir banyu. Ring sisih tengen yara umahe embah. Kadine saben dina, hang mesthi selabar kahanan utawa paran kang dipangan, iku ya mung embah.

Ring umahe, embah sing manggon dhewek, iyane kumpul ambi bibik. Adhike apak kang kemunjilan. Isun girang, nyawang embah kang gati nang isun. Emeh saben dina, embah nguwanipanganan, masiya tah mung gimbal jagung rong iji utawa jangan tombol sak keresek cilik, tapi sing kebek. Paling mung sepiripite keresek. Apuwa gok gedigu? Kerana embah njuwut panganan olah-olahane bibik. Serang gatine nang isun, iyane bisa ngati-ati. Kelendi carane bibik sing muring dhung panganane diwakaken Isun. Isun tau rungu, gok bibik nguwel embah kerana jangan tombol. Dudu kerana jangan tombole suda taping kerana jangan tombole metu ancang. Kerana mari dijuwut, uga ditambahi wedang putih makene sing katon suda. Heem, embah... embah.

Kaya biyasahe, ngeraina embah nyang umah nggawa panganan. Disawang kaya sambel sak lepekan. Isun uga tepak arep njuwutaken mangan kang Enal.

"Beng, kek uwani sambel goreng calo."

"Dhik, aja dipangan. Isun arep," ucape kang Enal.

"Paran Sira iki, Isun nguwani rabinira, madak nguwani Ira "

"Uwih tah Mbah, isun arep ya. Rokak saben dina bisane mung olah oseng-oseng kangkung ambi sambel goreng iwak irisan. Ajarana olah tah Mbah, Rokak iku." Ambi melaku nuju kursi tamu.

"Nyak Kang." Isun ngelungaken sega sak piring nang Kang Enal.

"Endi Dhik sambel goreng calo iku. Kunteken merene."

Sambel goreng calo sak lepek sun kuntuk nang ndhuwure sega sak piring kang dicekel Kang Enal.

"Wilih, wenak Mbah. Kesuk olaha gedigi Dhik. Enak." Ambi muluh-muluh Kang Enal gok mangan.

"Ragine paran bain iku Mbah?" takonisun.

"Calo iku, olahe wanono ragi sambel ambi belimbing wuluh. Belimbinge irisana uga wejeken sampek ilang banyune makene sing kari kecut. Aja lali dhung arep olah calo, mari dikumbah tilikana sulung. Biyasahe calo iku asin. Kadine dhung olah aja diwani uyah. Digu."

Ulihe embah marahi, Isun mung bisa mbayangaken kelendi carane lan kelendi rasane sambel goreng calo iku. Kerana Isun sing tau mangan kang aran sambel goreng calo. Kang Enal uga gedigu. Sambel goreng calo sak lepekan dientekaken dhewek. Isun sing diumani. Isun ra tambah bingung kelendi rasane. Taping ya wis, hun pikir paling rasane ya gedigu. Ragi sambel ana kecute kerana diwani belimbing wuluh. Wis pokoke kesuk sun cacak olah.

Wayah wis mangkat bengi. Bengi uga ganti isuk. Mudhun sembayang subuh, Isun menyang welijaan enggo tuku calo. Iwak gedhe dhirik ring talam. Iwak cilik dikaputi. Semono uga kang aran calo. Sing kathik mang-mang maning, isun juwut calo rong kaput ambi tuku ragi sambel.

Mungkur teka welijaan nyengget belimbing wuluh ring pelataran umahe Wak Haji. Sing kathik pamit uwonge wis kerana Wak Haji wis wekas sapa-sapa bain ulih njuwut belimbinge.

Gadhug umah, kaya wekase embah, sakmarine calo diumbah sun tiliki. Rasane campak sing ana asine. Ya uwis. Ragi sambel sun gerus. Belimbing wuluh sun irisi uga sun wejek sampek ilang banyune. Sun goreng ragine sampek arum, sun cemplungaken calo lan belimbinge. Sun uwani uyah, gula ambi micin sithik. Sun tiliki, heem enak.

Gelothak-gelothak suwarane kang aran pekakas hang dilebokaken ring wadhab kain. Sun deleng, Kang Enal siyap-siyap arep melaku megawe. Masiya mung nguli bangunan. Iyane wong lanang kang patheng.

“Iki kang, sarapane wis mateng.”

“Olah paran, Dhik?”

“Sambel goreng calo Kang.”

Sun juwutaken sega sak piring lan iwake sambel goreng calo. Uga sun elungaken nang Kang Enal. Isuk-isuk romantis pokoke.

“Kelendi Kang rasane, enak tah?”

“Eeem, enak.” Ambi ngerasakaken panganan iku.

“Alhamdulillah, asil,” ucapisun jero ati.

Mari sarapan kang Enal melaku megawe lan isun ngerijigi umah kaya wong wadon liyane.

Soren sedurunge kang Enal mulih megawe, Embah memengan nong umah. Kaya biyasahe, iyane jaluk dipetani kerana akeh tumane. Tuma putih kang tempel ring rambut dawa werna putih iki kari sara juwut-juwutane. Rambute wis arang diwani lengo keletikan saben dina uga di gelung.

“Assalamualaikum.” Ring ngarepe lawang Enal uluk salam.

“Waalaikumsalam,” jawabisun lan Embah.

Durung sampek lungguh, Kang Enal sambat elom. Sing kathik engko maning, Isun uga njuwutaken sega sak piring. Sun elungaken. Taping gok sing langsung dipangan ambi Kang Enal. Iyane ndileng piring isi sega ambi sambel goreng calo ambi katon mikir.

“Apuwa sing dipangan Kang? Sing enak tah?”

“Using, Dhik, sakat isuk mauka, sambel goreng calo iki rasane enak. Taping ana kang bida ambi hang diwani embah sore. Embuh parane.”

“Sira iku dadi wong lanang aja kari nyacatan olah-olahane wong wadon Nal. Rokak wis olah temenan, Sira gedigu,” ulihe embah nguwel kang Enal.

“Delengen tah Mbah sambel goreng calo iki. Masa goroh Isun.” Kang Enal semaur ambi ngelungaken segane nong embah.

Embah sing serantan nyendhok sambel goreng calo, uga dirasakaken. Cemeng matane embah munggah mudhun kaya ana kang dipikiraken.

“Sulung tah Beng, rasane sambel goreng iki ya bida mula,” ambi mulak-malik sambel goreng calo nong piring.

“Endane Mbah? Ragi sambel uwis, belimbing wuluh uga uwis. Kurang paran tah ragine?” semaur Isun.

“Beng, Ira tuku mau calo iku warna abang tah putih?”

“Ya putih mbah. Marine wernane paran dhung sing putih.”

“Astagfirulloh, dhung putih iku arane dudu calo Beng, iku arane teri sekul. Dhung calo iku anake urang kang cilik alus wernane abang.”

“Mulane gok sore Hun pangan kaya ana hang kasar ring ilat, dhung iki kok using. Maning Sun sawang sakat isuk mauka gok matane kari akeh. Heem kalingana luput Sira iki Rokak.” Kang Enal milu nimpali omonge embah.

(belambangan.com, 8 Juli 2024)

KURBANE KURBAN

“Allahu Akbar, Allahu Akbar, Allahu Akbar. La ilaha illallahu wallahu akbar. Allahu Akbar wa lillahil hamdu”.

Takbir wis diunekaken. Saiki wis gadug ring wayah Idul Adha, utawa kejuluk Lebaran Kurban.

Wis pirang-pirang taun kang Saperik nduweni niyatan arep Kurban. Iyane nyisihaken sithik-sithik picis ulihe adol gedhang. Taping sampek seperene magih durung bisa kelaksan.

Kaya taun-taun kang sulung, dhung lebaran Kurban, iyane milu dadi panitiya mbeleh kurban. Kerana awake kusa, kang Saperik mesthi ulih tugas nyekeli taline kewan kurban kang arep dibeleh.

Sembayang Id wis pungkas. Kewan kurban ring mesjid Miftahul Huda pinggir banyu uga wis dijejer. Ana enem sapi lan sepuluh wedhus.

Sapi hang kawitan ulihe teka keluwarga pak Soleh wis arepe dibeleh.. Sing kakeyan umek, sapi dibeleh aju diseset kulite lan dijuwut daginge dipeceli belunge. Gedigu sak teruse sampek sapi kang kaping lima.

Sapi kang pungkasan awake gedhi ngelebihi sapi-sapi liyane. Uwong padha kaju, sapi kurban teka keluwargane pak Hasim hang jenis sapi Simental iku abote kira-kira sak ton utawa sewu kilo. Kang Saperik lan kanca-kancane padha tulih-tulihan. Mesthine rada sara ngerubuhaken sapi iku, batine.

Kang Saperik nyekeli sikile. Merga wis ping enem ngerubuhaken sapi, nawi kang Saperik wis entek tenagane. Awake rada lisuh.

Sapi digelimpangaken, kang Saperik lan Upik nyekeli sak kuwate. Tukang beleh mangkat muni “Allahu Akbar”. Durung sampek lading temepel ring gulune sapi, sing kerasa tangane kang Saperik ngendhori tali kang dicekel. Kadine sapi iku mau melencat lan tali kebulet nyang awake kang Saperik. Kang Saperik diingser ngiwa nengen. Rasane awake kang Saperik kaya sewelan. Taping mauka kabeh bisa diatasi ambi uwong uwong. Sapi Simental bisa kebeleh. Kang Saperik mung lungguh ambi ngundha ambegan gedhe ngerasakaken awake.

Pungkase beleh-belehan iku mau, kang Saperik mulih ambi nggawa rong keresek daging kurban. Kang Saperik melaku rada lendhu mulih.

Gadug pelataran umah, rabine jengah nulih kelambine kang Saperik sewelan. Sing kober takon kelambi, hang wadon lali ketungkul nulih daging keresekan kang katon rada akeh ketimbang taun kang sulung.

“Alhamdulillah, kari akeh ulihe dagine Kang. Sing kaya taun sulung. Diolah paran enake ya Kang.”

“He, Sira iki kari mikiri daging bain, hing takon tah apuwa Isun iki. Awakisun sewelan.”

“Iya Kang, meriniya Sun tambani, engko aju saya aron marek mangan daging.”

“Kepingin bisa korban malah dadi kurbane sapi.” Kang Saperik nggeremeng.

(belambangan.com, 23 Juni 2024)

SING NYANA

Nia keranta-ranta nyawang poto iyane keloron ambi Dimas. Uwong lanang kang dadi dhemenane. Iluh sing bisa diendekaken kerana magih katon ring mata dhonge iyane ngeculaken genggeman tangane Dimas hang arep menyang nang pulo seberang.

Semilire angin ring dermaga ngadhemni dina pisahé Nia lan Dimas sore iki. Dimas pamit nang Nia arep mulih nang pulau cilik ring sekitare Lombok.

“Aja Rika tangisi lakunisun iki. Isun menyang sambang wong tuwek ring pulo. Sedhelo musti balik merene maning.”

Nia sing semaur, iyane mung manggut ambi ngempet iluh makene sing mili.

“Isun berangkat nggawa janji. Semunu uga Rika, mugi bisa njaga welas hang ana ring ati sampek tekanisun.”

Sing sampek nunggu kapal melaku ninggalaken dermaga, Nia mulih nggawa angenan.

Wayah bengi, Nia sing bisa turu nganteni kabar wis gadug endi lakune kapal hang ditunggangi Dimas. Ambi deleng berita-berita hang ana ring hape. Derijine Nia mandheg nggingser layare hape kerana weruh ana berita kang rame yaiku keleme kapal hang nuju nang pulo Lombok. Atine Nia jemedhut, tangan metu gemeter kerana namataken *video* keleme kapal hang rupane percis kaya kang ditunggangi Dimas. Ketimbang ati tambah sing karuwan, iyane nggoleti nomere Dimas uga ditelepon. Taping telepone mung *memanggil*. Pungkasan dideleng telung jam kepungkur. Nia mung

bisa mikir apik. Mugi dudu kapal hang ditunggangi Dimas. Dhung mula iya, mugi diparingi selamet.

Sewengi jamp leng Nia sing turu. Terus-terusan nelepon nomere Dimas. Taping sampek wayah wis ganti isuk, magih bain sing keneng ditelepon. Nia uga menthelengi kabar hang ana ring hape, sampek Tim SAR teka nyelametaken sekabehe uwong hang ana ring kapal iku. Naming, kabar kang pungkasan muni dhung sekabehe penumpang lan awak kapal sing ana kang bisa diselametaken kerana antere arus lan gelombang laut. Tangise Nia pecah rungu kabar hang gedigu mauka.

Dina wis ganti dina. Ulan uga ganti Ulan. Sing ana maning eseme Dimas sing ana maning gesahe Dimas. Sekabehe wis kanyut ambi banyu segara. Nia wis nyacak ngihlasaken taping perih ring ati sing bisa diobati.

Sayu kanca pareke Nia sing tega nyawang kahanane Nia hang saya suwi saya susah. Sayu duweni kekarepan ngajak Nia ngelencer nyang Bali makene bisa madhangaken atine Nia.

Ring Bali, Sayu ngajak Nia melaku-melaku nyang pinggir segara. Ring kana Nia bisa berak sak kuwate kanggo ngetokaken paran kang ana ring ati. Banget-bangete berak hang kaping pindho, cangkeme Nia ana hang delekek teka mburi. Sing nulih nong uwong hang delekek. Nia mung meneng ambi nangis. Lamat-lamat iyane rungu suwara hang wis lawas sing tau mampir nang kupinge yane. Nia uga nulih nang uwong hang ana ring burine.

“Dimas... temenan iki Sira?” ambi tangan ngelus pipine Dimas.

“Iya, iki isun. Sepurane isun sing bisa nguweni kabar.”

Nia saya nangis gero-gero.

“Temenan tah iki hang ana ring ngarep isun. Iki kabeh dudu ngimpi kan?”


Sayu kang ana ring sandhinge Nia, meluk Nia ambi ngantepaken atine Nia.

“Iya Nia iki Dimas. Kelendi ceritane kok Ira ana ring kene? Kabeh uwong sing ana kang selamet nang kapal iku?”

“Isun wurung nunggang kapal. Kerana tas isun dijambret uwong. Isun mung ngesaki picis sak anane. Hape kegawa jambret ring njero tas. Kadine Isun sing bisa ngabari sapa-sapa. Nang Bali iki, Isun megawe ngumpulaken picis makene bisa ketemu maning ambi Nia. Taping Pengeren duweni cerita liya, Isun lan Nia bisa ketemu ring kene.”

Nia sing bisa muni paran-paran. Iyane mung bisa meluk Dimas sak kuwate.

(Banyuwangi.viva.co.id, 22 Agustus 2024)



NGERANDHU ATI

Saben dalu Saleh sing bisa turu. Mata merem tapi ati lan pikiran ngelayung. Ngerasakan awak kang saya nggering-geringaken karena penyakit kencing manis.

Sakat buru kawin sampek duwe anak telu, iyane uwong kang ngayomi keluwarga. Nguwani nafkah kang sakmajate nang rabine. Urip sing tau nemu alangan. Taping, saikine bida. Gusti Pengeran nguwani cobaan liwat kesehatane iyane. Saikine Saleh sing bisa megawe maning. Kerana awak kerasa lesuh uga sikil linu dhung gawe melaku.

Bengi iki, kaya biyasahe Saleh magih sing enak turu. Iyane nyawang Tutik, rabine kang turu nang sisihe. Rasa welas ring ati tambah gedhi kerana sak suwene Saleh kadheman Tutik kang ganteni golet picis. Dodolan sega pecel ring pinggir lurung. Tutik uga sing ngersula ambi kahanan kang ana.

Saben dina, wayah subuh. Tutik nyepak-nyepakaken dodolane. Dhung wis mari, iyane mangkat dodol ring pinggir lurung ngarepe Rumah Sakit Belambangan. Sing adoh teka umahe.

Sakat serngenge durung jumbul sampek panase mangkat kerasa ring awak. Segalikecele Tutik magih wutuh. Sing ana kang tuku. Embuh apuwa dina iki katon sepi. Ambi nyawang sega sak termos, pikirane Tutik ngelayung. Inget sakat bengen, iyane sing tau kurang. Paraparan kecukupan. Taping saikine, mung golet pangan kanggo uwong sak umah kerasa sara temenan. Sing kerasa iluh temetes ring pipine.

Ring kadhohan, Saleh uga nyawang rabine kang metenggengen nganteni uwong tuku. Abot rasane ati dheleng kahanan kang gedigu mauko. Edheng-edheng ana wong wadhon tuwek nganggo kelambi kothor ngingsoran jarit melaku mareki dodolane Tutik. Kayane wong iku elom. Embuh ngomong paran nang Tutik. Uga Tutik ngelungaken

pincukan sega. Tambah suwi ati saya sing karuwan, Saleh melaku mulih.

Ring umah, Saleh sing bisa ngelakoni paran-paran. Iyane mung bisa lungguh lan lumah-lumah nganteni tekane Tutik. Sing kari suwi, Tutik teka nggawa dodolane.

“Assalamualaikum.” Tutik uluk salam uga lungguh ring sisihe Saleh.

“Walaikumsalam.”

Saleh nggenggem tangane Tutik.

“Sepurane Isun Dhik. Sing bisa nyukupi kaya bengen,” ambi berebes iluh.

“Aja ngomong gedigu kang. Aran wong umah-umah mesthi ana gudhane. Awak dhewek kudu kuwat ngelakoni. Rika ya kudu semangat makene cepet aron. Masiya Isun mung bisa golet picis cukup mung dipangan. Isun sing paran-paran. Isun rida kang.”

“Dhik, kelendi dodolane mau. Garus tah?”

“Alhamdulillah kang, masiya sithik kudu disukuri.”

Batine Tutik kerasa-rasa kerana dodolan kisuk iki ya sing ana ulihe. Taping, iyane sing kepingin nambahi pikiran lakine.

“Thok thok thok.” Abane uwong thothok-thothok lawang.

Tutik nyawang menjaba.

“Sapa ya?” Ambi ngicer-ngicer nulih nang lawang.

“Isun Tut, Anik Keriwul.”

“Ya, Allah Nik, lawas sing tau kecaruk.”

“Iya wis, Isun weruh Sira mau kaya dodolan sega pecel. Isun njaluk tulung, kesok Isun gawekena sega pecel satus bungkus ya. Kerana ana rewang megawe teka nang umah.””

“Alhamdulillah, umahira nong endi, Nik?”

“Sira iki, iku ngarepan gapura. Isun buru bain pindhah. Kadine Sira sing weruh ya. Iya wis, Sun anteni kesuk ya.”

“Iya, Nik. Kesuwun sedhurunge ya.”

(Banyuwangi.viva.co.id, 17 Juli 2024)



KETEMPLEKAN

Magih anget cerita iki, dhung Mak Hikmah kadheman buru bain mulih teka rumah sakit. Isun tangga gandheng weruh dhewek ring mata iki, tepak nyambang Mak Hikmah ring umahe, sun cekel awake kerasa panas. Jare anake iku mula gedigu anane kerana Mak Hikmah keneng penyakit kelainan darah. Kadine awake kerasa panas. Uga hang njaga ring umah diwanti-wanti ambi dhokter kudu bisa ngadhemis awake nganggo cara dikompres.

Kiske, tepak magrib dheng. Lamat-lamat isun rungu ana uwong tangisan. Suwarane sing adoh. Parek ambi umah iki. Sun tamat-tamataken, kayane ring sebelah umah. Ati kerasa sing enak. Sing kathik mikir suwe. Isun uga melayu metu teka umah ngintep teka pager umahe Mak Hikmah. Temenan tah tangisan iku teka jero umahe. Sing wani melebu kerana lawang mung buka separo. Sing kerasa nang burinisun ana Mak Atin tangga kulon umah kang wis ngerti kahanane, ngajak isun melebu nang umahe Mak Hikmah.

“Ayuk, aja intep-intep melebu bain. Mak Hikmah wis sing ana umur kene mauka anake selabar nyang isun,” abane Mak Atin.

Semendhal ring ati, buru sore isun nyambang saiki wis ninggal. Sing kathik nulak, isun milu lakune Mak Atin melebu nang umahe Mak Hikmah.

Ring njero umah, ana lin anake Mak Hikmah kang kemunjilan dhewekan nunggoni mayite Mak Hikmah. Weruh Mak Atin lan isun teka iyane uga meluk sak kuwate ring Mak Atin.

“Kok sing ana uwong In? Nang endi Apak lan dulurira kabeh,” takone Mak Atin

“Kang Irik ambi Kang Wandik magih megawe durung mulih.”

“Apakira nyang endi?”

Ambi mbeseseken lin cerita, dhung soren mauko Apake ngundang wong tuwek dienggo ndeleng kahanane emake. Uwong tuwek iku warah dhung emake ketemplekan setane lare cilik teka kuburan kang diliwati sedurunge iyane melebu nang rumah sakit. Iku kang gawe Mak Hikmah kadheman. Wong tuwek iku uga ngongkon apake mbalekaken lare cilik iku liwat buntilan lawon nang kuburan hang diliwati kapanane ika. Taping, tepak apake berangkat metu teka umah sing kari suwi Mak Hikmah sing ana umur. Kadine sampekJ seperene apake durung weruh dhung Mak Hikmah ninggal.

Isun kang ngerungoken cerita saya tambah kemesar. Kebayang-bayang sing mari-mari sampekJ selametane Mak Hikmah ulih pitung dina.

Kaya biyasahe, dina iki isun mulai isuk sampekJ soren, megawe ngider kerupuk gorenganisun dhewek. Mula magih sing bisa lali nang ceritane Mak Hikmah, sak dalan-dalan kebayang cerita iku. Warung sak warung sun andohi kerupuk sak gandheng. SampekJ kari sak gandheng sun ateraken ring warung nang ngarepe kuburan lawas nang kampung elor.

“Alhamdulillah, kerupuk kang Sun gawa entek kabeh,” abanisun njero ati.

SampekJ ring umah, lakinisun wis nganteni. Matane nyawang isun sing kedhip. Isun kang kerasa lisuh dadi kesat kerana yakin dhung ana kahanan mata kang gedigu musthi ana kang salah ring njero umah. Isun melebu ambi temungkul. Tepak ana ring ngarepane isun selabar.

“Apuwa Kang?”

“Isun nak mangan tapi kok sing ana paran-parane ya Dhik?”

“Ye, iya Kang, Isun mula sing olah, karepisun nak tuku bain. Taping lali wis gaduk umah.”

“Ya wis dhung gedigu tukokena bakso bain ring pasaran.”

“Iya kang.” Sing kathik engko maning, isun uga melaku nunggang sepidhah montor nyang bakso pasaran. Bakso wenak dhemenane lakinisun.

Gadug ring warung bakso, ambi layan-layan Kang Lek uga cerita, mbaleni ceritane Mak Hikmah kang wis sing ana. Isun kang wis lali metu inget maning. Kedadegan kang bisa dipercaya apa using. Kerana Mak Hikmah kadheman iku dhung jare dhokter kerana penyakit. Taping dhung jare uwong tuwek uga bida.

Ambi nerima bungkusen bakso kang diwadhahi keresek isun melaku metu nang sepidhah. Bakso sun andhoh ring cantholane sepidhah ngingsore gulune setir. Ambi nunggang sepidhah isun ngelayung ring cerita iku maning. Saya suwi sun rasak-rasakaken sikilisun hang tengen nganget-ngangetaken. Ring pikiran kerasa sing enak. Apa isun iki ketemplekan paran-paran ya? Kaya Mak Hikmah. Kerana isun mauka ngeteraken kerupuk kang pungkasan nang warung ngarepane kuburan.

“Walah, Isun ketemplekan paran iki?” Ambi nggeremeng.

Tepak gadug ring umah. Sepidhah durung sampek sun jagelang. Sikil kiwa mudhun sulung. Sikil tengen magih ring dhuwur sepedha. Panas ring sikil tengen sing ilang-ilang. Sun tulih ring tengahe lawang lakinisun mesem. Ambi tuli-tulian. Isun nak ngomong sing wani. Kadine mung bisa njureng.

“Apuwa Sira iki Dhik, Njureng-njureng. Mudhuna wis wisuha sikile makene sing ketemplekan paran-paran.”

Isun sing semaur. Taping saya tambah njureng. Ati gemeludhug sing karuan.

“Eh, cepetan, melebuwa. Isun elom. Baksone wadhabhana jembung uga wanana sega. Isun nak mangan.

Rungu ucapan bakso, isun buru enget dhung kang panas ring sikil isun iki kalinganan bakso kang buru sun tuku. "Astagfirullohaladzim."

(belambangan.com, 22 September 2024)



KEMBANGE ATI

Sing kerasa wayah wis mangkat bengi. Mbok Rodiyah magih bain metenggengen nyang bale umah.

“Mak, ayuk melebu,” ajak Marmah nyang emake.

Mbok Rodiyah manggon keloron ambi anake wadon kang magih umur wolung taun. Kerana wis telung taun pisah-pisahan ambi lakine.

Dina-dina dilakoni dhewekan. Golet sandhang pangan dhewek. Ngerumat lan nggedekaken anak dhewek. Masiya bapake Marmah kadhang ya nguwani napkah kango anake kala enget.

Liya dina, mbok Rodiyah duweni dhemenan kang bisa nambani pahite urip. Uwong lanang kang gati nang Marmah lan iyane. Padha-padha ditinggal pasangan. Lan padha-padha tau rasane lara ati. Arane Suryo teka Mojokerto. Iyane nyang Banyuwangi duweni tugas teka pegaweyane.

Wis ulan-ulanan mbok Rodiyah lan Suryo madhokaken ati. Sampek nyang wayahe Suryo bener-bener arep ndadekaken Rodiyah dadi rabine. Suryo kang wis kenal apik ambi keluwargane mbok Rodiyah, ya nguwensi lampu ijo kango hubungane keloron.

“Pak kula lan Dhik Rodiyah pun sami-sami cocok. Kerana niku Kula kepingin ngelamar Dhik Rodiyah,” ucape Suryo nyang bapake Rodiyah hang ana ring pelanca. Sing bisa tangi kerana lara setruk.

Bapake Rodiyah mung manggut ambi netesaken iluh nyang pipine.

“Sakniki Kula kawiti. Mengke keluarga dugi dhung acara nikahan.” Suryo negesaken.

“Iya Lik,” semaure bapake Rodiyah ambi pelat.

Rasa girang dirasakaken Suryo lan Rodiyah. Saben dina saya gedhe welas asihe. Ambi ngenteni tanggal dina kawinan teka.

Kurang sak ulan kawinan Suryo kadheman lan dirumat ring Rumah Sakit Mojokerto. Iyane keneng penyakit batu ginjal. Seminggu dirumat nyang Rumah Sakit, kahanane Suryo saya apik, lan dhokter ngidini mulih.

Kerana adoh-adohan mbok Rodiyah mung bisa komunikasi lewat hp.

“Dhik, Isun wis waras. Kesok sun gancangi ngurusi surat-surat kanggo nikahane awak dhewek.”

“Kang dhung magih durung enak temenan, sing usah kari kesusu. Damakena kesehatane rika sulung. Nikahan sing bakal wurung,” Mbok Rodiyah semaur ngelus-ngelus atine Suryo.

“Sing Dhik, Isun wis waras,” tegese Suryo.

Mbok Rodiyah sing bisa nyegah niyatane Suryo. Iyane mung donga mugi diparingi kelancaran.

Dina kawinan marek-marekaken. Sing kerasa wis kurang seminggu. Suryo telepon nyang Mbok Rodiyah ngabari dhung surat-surat wis beres kabeh. Lan saikine iyane berangkat menyang Banyuwangi nunggang sepur.

Atine mbok Rodiyah saya bungah. Wong lanang impenan bakal dadi sandhing. Bayangan-bayangan endah kemeliwer nyang pikirane.

Jam nduduhaken ring angka telu wayah soren. Wis telung jam suwene Suryo nunggang kereta. HPne mbok Rodiyah muni ana kang nelpon. Dideleng nomere Suryo. Ambi girang ati mbok Rodiyah nyapa.

“Assalamualaikum Kang.”

“Walaikumsalaam. Ibu kami pihak kepolisian mau menanyakan apakah anda mengenal bapak Suryo. Ini adalah nomer terakhir yang dihubungi bapak Suryo.”

“Iya Pak, ada apa dengan Suryo?.”

“Mohon maaf Ibu, kami menemukan bapak Suryo meninggal di Kereta Api.”

“Innalillahi wainnailaihi rijiun. Kang Suryo apuwa Rika Kang? Bapak... Emak... Suryo sing ana umur nang kereta,” jerite Mbok Rodiyah nyang wong tuwane.

“Innalillahi wainnailaihi rijiun.” Wong tuweke Rodiyah mung bisa semaur.

“Mak, Rodiyah pingin deleng Kang Suryo kanggo kang pungkasan. Kelendi carane. Sapa ngateraken Mak?

“Emak sing bisa ngateraken ya beng. Apakira sing bisa ditinggal dhewekan. Maningan saiki magih jaman copid, sing kabeh uwong bisa nunggang sepur sak wayah-wayah. Ihlasena ya Beng, liya dina Sira mesthine bisa moro merana,” emake Rodiyah ngerih-ngerih.

Rasa kaget lan getun mulet dadi siji. Gudha teka Pengeras sing bisa diungkiri. Bayangan urip bareng mung dadi angen-angen. Mbok Rodiyah saikine mung bisa nyawangi potrek kenangan ambi Suryo kembange ati.

(Banyuwangi.viva.co.id, 19 Juni 2024)

TANGIS

Sing kerasa wis enem ulan rika menyang nyambut gawe ring tengahé segara. Sing ana kabar kapan rika teka. Mung sepisan rungu suwara rika teka telepon tepak kapal rika sandhar ring negara liya. Sun ngertení lan sun anteni wayah hang dadi angenan teka.

“Riska, Sira wis rungu tah dhung Marji teka?” Suwarane lis hang ana ring ngarep lawang kamar isun ngagetaken isun hang magih keliyepan ring dhuwur kasur.

“Iya tah? Nong endi saiki larene?” Isun sakkal mberejak lungguh mandhengi lis kang gawa berita iku.

“Ya nong umahe, iki magih isuk sing kira merene goleti Sira. Hang kangen dudu mung Sira thok, emak bapake uga kangen pisan. Kerana wing semunu ulan sing ana kabare. Bagiyan ketemu Sira palingana ya engko bengi.”

Rungu gesahe lis mauka isun saya girang. Pingin cepet ketemu taping ya isin dhung isun ujug-ujug teka nyang umahe Marji. Sing ana pilihan maning sun anteni tekan rika ring kene.

Padhangé langit wis saya ilang. Semilire angin rada anter. Uwong uwong wis padha melebu umahe. Magrib teka.

Isun kang nganteni tekane Marji nang umah sing ngalih-ngalih teka kursi tamu madhep nang kaca cendhela. Ngarep-arep gancanga teka. Lamat-lamat katon sentronge lampu sepidhah teka wetan uga saya marek-marekaken. Sepidhah motor bebek iku mandheg ring ngarepan. Uwong lanang kang nunggangi nyoplok helem uga nulih merene. Sing katon sapa iku kerana ngarep umah peteng. Lampune kuning kiyep. Sun sawang temenan. Uwong iku melaku melebu nang teras umah. Katon jelas dhung iku Marji.

Isun metu marani iyane. Sampek nang bale, mata pandeng-pandengan uga lambe mesem bebarengan.

“Ayuk melebuwa,” ajak isun.

Iyane uluk salam uga melebu lan lungguh nang kursi tamu. Wedang lan gedhang goreng wis sun cawisi kanggo kanca gesah isun lan Marji bengi iki. Ngilangaken kangen hang gedhe kang kesimpen semono lawase.

“Iku sepidhahe sapa Mar?” takonisun.

“Isun buru tuku, picis ulihe megawe kapal kon nyanthelaken merono jare Apak.”

Isun sing mandheg-mandheg nyawang Marji kerana iyane bisa mbuktikena dhung iyane bisa golet picis dhewek. Dadi Anak Buah Kapal ring Kapal Thailand. Sing gampang megawene. Kadhang nyawa taruhane.

Isuk iki wis seminggu Marji sing ana mengan nang umah. Kerana umahe Marji mung ngelencat banyu isun nak mangan merana. Tepak melaku ring pingir sasak katon dhung Marji lungguh diwekan ring gerdu pinggir lurung. Sekala iku isun melayu marani.

“Hei...” sapanisun.

“Ambi sapa?”

“Dhewekan. Marji melaku-melaku yuk kang rada adoh tah. Nunggang sepidhah anyar.”

Marji sing semaur. Isun terus ngejak sampek iyane gelem. Seru kepingine isun melaku-melaku nunggang sepeda. Taping, Marji magih sing semaur. Suwi-suwi sing kerasa iluh iki mili kaya-kaya ngemis njaluk dijak melaku-melaku. Deleng kahanan iku Marji uga mberejak njuwut sepedae.

“Iya wis ayuk arep melaku-melaku nong endi?” takone Marji.

“Sing weruh, Isun mung kepingin melaku-melaku kang rada adoh. Makene rada suwi dhung nunggang sepeda keloron,” semaur isun.

“Iya wis ayuk nungganga.”

Sepidhah diuripi, isun gongceng ring buri. Sepidhah diegas melaku ngidulaken. Sing weruh tujuwane nong endi pokoke isun milu. Tambah suwi tambah ngaduhan-ngaduhan. Kang sun rasakaken nunggang sepidhah bareng sing padha ambi kekarepan. Bayangan isun bisa nunggang sepidhah kelorongan edheng-edheng ambi ndeleng kiwa tengene dalan. Taping iki beda. Marji nunggang sepidhah seru antere. Sampek-sampek tasmak kang sun enggo sing bisa nangkis angin. Eluh deredesan medhes-medhesi mata. Ati kesud-kesud ngarasakaken Marji dhung nyalip montor lan sepidhah kang melaku padha antere. Kaya-kaya iyane kepingin gancang gadug ring panggonan hang dituju.

Isun gongceng nong buri taping mata tetep awas mengarep. Siji-sijine kedadeyan ring dalanan iki sing luput teka pandhangan isun. Tepak gadug ring dhaerah Kabat, nong ngarepan ana lare lanang loro gongcengan. Hang buri gawe jaket gedhe kang sing diseleretaken. Kadine jaket miber-miber nutupi selebor buri. Lampu arah ngiwa nengen uga sing katon. Ring dalan iku ana singgetan tengah. Rada ngidulaken singgetan iku pedhot kerana mula dienggo liwatane kendaraan kang arep muter dalan. Isun kang teka elor melaku seru antere. Lare lanang loro iku mauka mara-mara mentengah uga biluk ngulonaken. Marji kang melaku anter sing nutut ngerim.

“Dhaar...”

Isun melesat nong kulon lurung. Awak ngesrek aspal kaya Superman. Tepak awak iki mandheg. Uga dijunjung sak akehe uwong ojekan kang mangkal ring gerdu pinggir dalan. Isun diturokaken ring gerdu iku. Serta melek mata isun inget nong Marji. “Nong endi Marji mauka? Selamet tah?” Batinisun.

Ambi berejak lungguh. Isun nulih nong kerumunane uwong. Marji buru diadekaken uga digandheng minggir. Deleng sepidhah bagian

ngarep ancur kari setange. Marji kang digandheng uga dikumpulaken isun hang lungguh ring gerdu. Pipine Marji suwek kerana kaca helem pecah uga nancep nang pipine. Lare lanang loro kang sun tabrak sing paran-paran. Sepidhahe sing rusak parah mung setater sikil kang kuthung.

Marji ambekan dawa ambi nulih nang isun. "Iki kang Sira tangisi?"



USUM JERUK

Kari lawas sing tau weruh nang aran uwoh jeruk. Apa ya durung usum. Biyasahe sak dalan-dalan akeh uwong adol. Katon sak kelerepan ring pikiran nang segere uwoh jeruk iku.

Kaya impen tepak melaku menyang kutha, ring pinggir dalan katon gunungan jeruk ring dhuwur pikep ambi melon hang dirik. Isun ya sing mang-mang maning, uga minggir mandheg ring ngarepane pikep iku.

Isun takon pira regane jeruk sekilo. Hang adol semaur jare selawe ewu. Ring batin, “Kari larang seru. Apa kerana magih durung usum ya?”

Kerana wis kepingin ya sun tuku bain. Jeruk sekilo ambi melon sekilo.

Teka umah, emak lungguh ring kursi bale. Nyawang isun nggawa buntilan, kaya lare cilik seru girange.

“Paran iku, Beng?”

“Jeruk ambi melon, Mak?” ambi ngelungaken jeruk sak keresek.

“Ngendi Sira tuku iki?”

“Niku Mak teng pertelon Giri.”

Jeruk dikencet uga dipangan emak.

“Beng, jeruk iki kok gabes. Wis sing ana banyune.”

“Enggih tah Mak. Ale niku selawe ewu sekilo nggih. Heem kari saya getun Hun tuku mauka.”

Ring liya dina, isun belanja nyang kutha liwat Sukowidi. Ring pinggir dalan wis dirik pikep kang adol jeruk. Duweni tulisan Jeruk Madu Banyuwangi regane sepuluh ewu sekilo. Batinisun “Ye dhung iki usum jeruk temenan. Kesuk bain wis sing tuku saiki.”

Tepak melaku mulih, ring pinggir Tempolong desa Brak ana uwong adol jeruk sak pikep. Ring kana ketulis Obral Jeruk rega limang ewu sekilo. Wilih sing kathek engko maning sepeda langsung sun endhegaken.

“Kang, Jeruk sekilo ya. Manis tah kok regane kari murah.”

“Jerukisun iki Mbok, sak pikep manis kabeh. Percaya wis. Taping, radha gabes.”

“Oh gedigu. Iya wis nyacak sekilo. Dhung manis kesok tuku maning,” ambi milih-milih jeruk.

Tepak ditimbang, jeruk pilihanisun mauka disemburaken maning ambi kang adol. Kerana jare jeruk pilihan isun iku mauka entheng, sing pati ana banyune. Isun ya paserah wis paran jare kang adol.

Teka umah, jeruk sun gelar nang meja bale. Ring kana ana emak lan adon kang langsung mangan jeruk iku. Padha merinci kabeh, kalingana jeruke kecut. Heem salah maning isun tuku jeruk.

Saiki malem Minggu, sing kathik ngomongaken jeruk maning. Saiki wayahe mangan Mi Ayam langganan isun nong Sukowidi. Nunggang sepeda edheng-edheng. Mata nulih ngiwa nengen. Nawi ana kang enak. Nawi ana kang apik. Sak dalan-dalan kang ana jeruk maning jeruk maning. Taping, saikine tulisane ganti regane jeruk wolung ewu sekilo. Ring salah sijine pikep kang adol jeruk, ana kang rame wong tuku. Arane bain menungsa, isun ya milu kepincut. Regane mudhun, ya sing kari murah ya sing larang. Milu tuku sulung.

Sung iling-ilng jare kang adol jeruk limang ewuan mauka kon golet kang anteb. Iya wis sun pilih-pilih.

Serta gadug umah sun gelar maning kang aran jeruk. Emak sing ngelirik sithik belokon. Kaya kapok mangan jeruk. Jeruk sun sigar tengah, sun pangan. Heem kalingana manis. Berhasil isun milih jeruk iki. Sing mandheg mung semono nong pikiran isun iki, magih penasaran ambi jeruk kang limang ewu sekilo. Dhung bisa milih, pastine bisa ulih kang sing gabes uga manis rasane. Pokoke kesuk sun arep tuku kang limang ewuan.

Bengi ganti isuk. Isun uwah sore. Isun langsung nunggang sepidhah menyang wong adol jeruk nang Tempolong desa Brak. Serta gadug, sepidhah sun jagelang. Jeruk sun timbang-timbang ambi tangan. Nggoleti endi kang rada anteb.

“Nyak Kang, tuku sekilo bain.”

“Aja kang iki Mbok, kurang anteb.”

“Hop, aja Rika kuntek jeruk iku. Geningena wis. Paran jare pilihan isun.”

“Apuwa Mbok?”

“Pilihan rika kapan ika, luput kabeh. Kecut.”

“Iya tah Mbok?”

“Nyacaka lung Mbok, kang iki kek,” tangane ambi juwut jeruk uga disigar dadi loro. Kang selisih diwakaken isun.

Durung sampek sun pangan. Sun deleng, kang adol lambene wis mencep ambi matane ngicer selisih.

“Ya gedigu iku wis Kang, jeruk hang sun tuku nang Rika kapan ika. Seger.”

“Iya Mbok seger,” ambi gegel-gegel.

Wong kangadol jeruk iku, suwi-suwi tumungkul ambi ngomong. Iyane cerita dhung isuk iki mauka, buru bain iyane mandheg markir montor. Ana kang nyerewat jeruk. Kayane kang nyerewat iku wong kang tuku jerek uni bengi.

“Saben uwong nak tuku mesthi Sun warah mbok, dhung jerukisun iki gabes. Taping wong iku magih arep tuku. Jare iyane dhemen masiya gabes. Eh gok isuk mauka Isun diserewat jeruk sak keresek.”

“Iya Kang, hang sabar. Dhung jeruk iki gabes isun percaya. Kerana dheleng regane bain ya wis murah. Ya gedhigu wis anane. Taping Rika warahe nang isun soreka, jeruk sak montor iki manis kabeh. Kalingana seger. Serang segere keliwat sampek kecut.”

“Ya iku Mbok, Rika tuku mung sekilo. Isun iki tuku sak pikep. Kelendi aju. Ya Alhamdulillah.”

(Banyuwangi.viva.co.id.,15 Agustus 2024)

KEPILU

Sore iki isun lan Rina kancanisun menyang ring taman Sri Tanjung. Ngilangaken rasa kesel, ulihe mari megawe sakat isuk. Ring kaduhan katon eseme kang Ali. Uwong lanang hang sun dhemeni. Mung mesem teka kaduhan sing marek uga sing nguweni tandha paran-paran.

Lawas rasa welas ring ati iki sun sidhem kanggo kang Ali. Wong lanang gantheng, kulite putih, dedege dhuwur, rambute ngandhan uga mancung bacote. Dhung wis gesah ambi kang Ali, ati iki kerasa dheg-dhegan. Masiya kang Ali sing tau nguweni tandha dhung iyane uga welas nang isun.

Taping ring sisih liya , ana kang Jun wong lanang cemeng manis kang musthi nguweni perhatian, sering nakokaken kahanan kelendi saben dinane isun iki. Dhung pikiran iki wis ebek sampek-sampek sing keneng dienggo mikir maning. Kang Jun musti ana kanggo ngadhemni ati iki. Bukak pikiran, ngilangi lara, ngilangi rasa ngersula. Taping, ring atinisun sing bisa nerima kang Jun dadi dhemenan. Merga ring ati wis ana kang Ali hang dadi impenan. Sing ana kang weruh isine ati iki.

Dina-dina kaya biyasahe, isun megawe kang Ali uga megawe. Sing nyangka mulih megawe bisa kepapasan ambi kang Ali ring pinggir lurung gedhe. Ati kemesut. Lambe padha meseme. Keloron gesah sak kuwate ambi melaku mulih. Umah isun ambi kang Ali adoh-adohan taping ya dalan siji. Dadi bisa melaku bareng. Taping sak suwene gesah. Sing ana arah-arah hang nduduhaken dhung iyane duwe ati nong isun. Musthi gedigu anane.

Bengi iki, kang Jun mengan nong umah. Emak lan apak uga wis kenal apik ambi kang Jun merga wis ping kaping iyane mengan merene.

Ulihe muter-muter gesah, Kang Jun lamat-lamat bukak cerita. Dhung iyane duwe ati nang isun. Sing mung isun kang rungu. Emak apak uga milu rungu. Taping isun sing bisa semaur saiki. Isun mung mesem. Nyawang kang Jun kang rekasa bisa ngetokaken paran kang ana ring atine. Iyane uga sing kesusu nganteni jawabe isun. Iyane mung warah dhung atine wis lega bisa nguweni weruh dhung iyane mula welas nang isun.

Aran wong tuwek loro uga padha dhemene. Weruh kang Jun nari kawin. Sing kathik mungkir maning, emak lan apak setuju dhung isun bisa sesandhingan ambi kang Jun. Hang aran isun dadi mangmang ambi ati iki. Isun nganteni ucape kang Ali taping sing ana muni. Nerima atine kang Jun tapi isun sing duwe ati nang yane.

Lawas wis ana telung ulan kang Ali megawe ana ring kutha liya. Tambah suwi perhatiyane kang Jun saya nyenengaken ati. Abot bisa ngelakoni kahanan kaya gedigi. Isun kudu bisa njuwut keputusan. Sing mungkin kang Jun sun gantung terus-terusan. Dadine bismillah isun nerima ajakane kang Jun kawinan.

Uni bengi, kang Jun sak keluwarga ampyak-ampyakan nang umah. Lamaran sun tanpa. Tanggal kawinan wis ditentokaken. Antarane keluwarga uga wis padha rakete.

Semilire angin segara sore iki saya anter, kaya santere ati iki kang wis mapan mapak tekane dina kawinan. Isun dikagetaken suwara kang nyeluk teka kaduhan. Kaya tau rungu suwarane sapa. Taping kaya wis lawas suara iki sing ana muni. Sun tamat-tamataken kalingana kang Ali.

“Nur.”

“Kang Ali, lawas sing tau ketemu. Buru mulih tah Kang?”

“Iya Nur, buru mulih isuk mauka. Nur isun duwe oleh-oleh kanggo Ira,” ambi ngelungaken gelang monte maneka werna.

“Kari repot-repot Rika, Kang.”

“Gelang iki, padha dene ambi atinisun nang Sira. Maneka werna, rasane welas kang sun sidhem. Isun dhemen nang Sira, Nur.”

Kemesut rasane ati. Rungu omonge kang Ali kang wis suwi sun anteni. Taping, saikine isun wis duwene wong liya. Sing mungkin sun wurungaken.

“Sepurane Kang, Isun wis duwe bakalan,” ambi lambe gemeter isun ngetokaken omong.

(Banyuwangi.viva.co.id.,24 Juli 2024)



BIONARASI



Wahyu Rizki Kurnaini utawa diceluk Rizki lair ring Banyuwangi ulan April 1986. Iyane guru ring salah sijine SD Negeri hang ana ring Banyuwangi. Sakat lungguh ring bangku SMK iyane dilatih Bapak Bambang Lukito maca puisi Using kanggo milu lomba-lomba maca puisi basa Using hang dianakaken ring radhiyo-radhiyo. Uga milu teater hang dilatih Bapak Ismurdianto lan (ruwahe) Kang Taufik. Ring taun 2022, Dinas Pendidikan nganakaken Festival Literasi Using hang isine lomba anggit lan maca puisi using lan memengan sandhiwara kanggo lare SD. Ring kana iyane milu ngelatih lan bisa ndadekaken muride juwara. Sing nyeja ring taun 2024, ring acara Festival Literasi iku kecaruk ambi kang Antariksawan Jusuf. Dadi bisa ngawiti nulis cerita cendhek basa Using ring Belambangan.com. Kepilih dadi salah sijine penulis cerita anak ring Balai Bahasa Jawa Timur hang judhul bukune: Barong Cilik. Dadi salah sijine penulis puisi ring Jambore Sastra Asia Tenggara hang didadekaken buku ring antologi puisi Ijen Purba. Instagram @kurnainiwahyurizki.



LILIN LAN LINTANG

kumpulan cerita cendhek basa Using

Lilin lan Lintang padha-padha madhangi masiyo beda carane. Kumpulan cerita cendhek hang dianggit ring tahun 2024. Cerita-cerita ring buku iki bisa ngibur sapa bain kang maca kerana nyeritakaken maceme kedadean kang dilakoni menungsa saben dinane. Rasa nelangsa dibarengi rasa ihlas hang bisa dadikaken penyingga lakune urip. Rasa welas asih bisa nguthungaken kukuhe gudha. Uga ana cerita kang bisa gawe gemuyu.

Terima kang gedhe kanggo Kang Antariksawan Jusuf (Belambangan.com) lan Kang Anton (Banyuwangi.viva.co.id) hang nguweni kesempatan kanggo bisa ngirim cerita-cerita cendhek iki

